ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФІ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПІЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№121 (23.529) ● 2017 гъэм мэкъуаугъуэм (июным) и 29, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru



Кузнецов Леврэ КІуэкІуэ Юрийрэ я унафэм щІэту зэІущІэ зыубгъуа екІуэкІащ гъэм и лъэхъэнэ псоми хуэунэтІа Іуащхьэмахуэ турист-рекреацэ комплексым адэкІи зегъэужьыным теухуауэ

Урысей Федерацэм Кавказ Ищхьэрэм и Іуэхуэмкіэ и министр Кузнецов Леврэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрийрэ ирагъэкІуэкІащ Іуащхьэмахуэ турист-рекреацэ комплексым зегъэужьыным теухуа зэІущІэ зыубгъуа.

АБЫ и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Мусуков Алий**, «Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» АО-м и тхьэмадэ **Горчев Олег**, «Іуащхьэмахуэ» курорт» АО-м, министерствохэм, ведомствохэм, муниципальнэ къэхъуныгъэхэм я унафэщІхэр.

Іуащхьэмахуэ лъапэ адэкІи зегъэужьыным и лъэныкъуэкІэ ІуэхугъуэфІхэр зэфІэгъэкІа хъуащ, къыщыхагъэщащ зэІущІэм, нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елытауэ туристхэм я бжыгъэм процент пЛІыщІкІэ хэхъуащ, бгы-лыжэ къежэхьпІэхэмрэ лъагъуэхэмрэ ирагъэфІакІуэ зэпытщ, курортым спортым щиубыд увыпІэм зеубгъу.

«Гъэм и лъэхъэнэ псоми хуэунэтІа проектыр дэ ящ идгъэщІпхъэщ. ИпэжьпІэкІэ, Іуащхьэмахуэ - Кавказым и мызакъуэу, Урысей псоми я налкъутщ. Мыбы щаухуащ бгы-лыжэ инфраструктурэ лъэщ, метр 3847-м нэс дэкІуей Европэм щэнэхъ лъагэ дыдэ кІапсэ гъуэгу лажьэу щрагъжьащ. Арщхьэкіэ абдежым дыкъыщыщэтеувыІэ хъунукъым. Нобэкіэ мыхьэнэшхуэ иІэщ дызытет кьалэхуэ политикэм и мардэхэм, кьащта ухуэныгъэ планхэм, фейдэ къызыпэкІуэ унафэщІныгъэм ящ ІткІэ езы псыхьуэм и инфраструктурэр егъэфІэкІуэмкІэ кьалэныр зэфІэхьныкъ», - кьыхигъэщащ Кузнецов Лев.

Гулъытэ хэха хуащІащ зыщагъэпсэжу щІыпІэм щыщыІэ шынагъэншагъэм, Азау, Чегет ауэхэм кьедзылІа щІыпІэхэр зыхуэят хуэгъэззэным, хуащІэ Іэхутхэбзэхэм я фІагъэр къэІэтыным.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

● КъБР-м и Парламентым

Спорт Іуэхущ Іапі эхэм я щытыкІэм топсэлъыхь

КъБР-м и Парламентым и Жылагъуэ советым и зэІущІэм иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ республикэм и къуажэхэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зэрыщызрагъэужьым.

ЗЭІУЩІЭР къыщызэІуихым, **Егоровэ Татьянэ** жиІащ спортым щІыхуэхр дегъэзыхэнэ, я узыншагъэм кІэлъыгъэлпІыжьын мурадыр иІэу, КъБР-м и Правительствэм 2013 гъэм «КъБР-м физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зыщегъэужьыным и Іуэхуі» къэрал программэр къызэрищтар. Абы къыщыгъэлъэгъуахэр ГъэзэщІэным 2017 гъэм КъБР-м и бюджетым сом мелуани 155,09-рэ къыхихигъэкІынущ.

Республикэм и къуажэхэм спорт Іуэхуі Іапі эу 5-рэ спорт ухуэныгъэу 3-рэ нэгъабэ къыщызэІуахащ. Мы зэманым физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ дихьэхэм папщІэ мэлажьэ Іуэхущ Іапі и 188-рэ, абыхэм ящыщу 60-р спорт центрщ, 52-р футбол цІыкІуи и губгъуэщ, 76-р уэрамхэм дэт тренажёрщ.

- Мы Іуэхур щызэтемыуфла щІыпІэхэр мымащІэу диІэщ. Псалъэм папщІэ, жыларэгъуи 112-м ящыщу узыншагъэр щрагъэфІакІуэ Іуэхущ Іапі эхэмрэ спорт пэщхэмрэ зиІэр а бжыгъэм и ныкъуэм и нэхъ мащІэжырщ (курыт еджапІэхэм хэт спорт пэшхэр кьыумылЫытэмэ). Спортым дихьэхыу Къабэрдей-Балъкъэрым щІпсэу процент 23,1-м ящыщу кьуажэдэсыр процент 11-щ зэрыхьур (ар зи ныбжьыр илъэс 35-м нэсхэрщ). КьыхэгъащІпхъэщ, Урысей Федерацэм ику иту къащІекІуэкІ бжыгъэм нэхъыр ар процентэ 2-кІэ зэрынэхъ мащІэр, - кьыхигъэщащ Егоровэ Татьянэ.

Абы жиІащ кьуажэхэм дэт спорт пэшхэр 1970 - 1980 гъэхэм зэраухуар икІи ахэр куэд щІауэ иджыдрей мардэхэм кьызэремызэгъыжьыр. Апхуэдэуи Егоровэм кьыхигъэщащ узыншагъэр щрагъэфІакІуэ ФОК, спорт Іуэхущ Іапі эхэу 2016 гъэм яухуахэр нобэр кьызідэсым муниципальнэ мылъкум зэрыхамыгъэхьар икІи кьызэрамыгъэсэбэпыр.

- Зи узыншагъэм сэкъат иІэхэм спортымкІэ кьуажэхэм тэмэму зэрадлажьэ Іэмалхэр, кьуажэдэсхэр «Лэжьыгъэмрэ зыхъумэжныгъэмрэ сахуэхьэзырщ (ГТО)» урысейпсо Іуэхум хэтыным зэрытрагъэгушхуэ Іэмалхэр щымащІэщ, щІыпІэхэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зыщегъэужьыным щегугъурыкъым, - дыщІигъуащ Егоровэ Татьянэ.

КъБР-м спортымкІэ и министрым и кьуэдзэ Анаев Аслъэн жиІащ «КъБР-м физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зыщегъэужьыным и Іуэхуі» КъБР-м и кьэрал программэм хыхьэу, 2016 гъэм Дыгулыбгъуей, Екатеринограднэ кьуажэхэм узыншагъэр щрагъэфІакІуэ Іуэхущ Іапі эхэр ухуэн» жэрдэмым пэджэжу, Анзорей, Прималкинскэ, Дзэлыкъуэ жылэхэми апхуэдэ Іуэхущ Іапі эхэр кьыззрыщызэІуахар. КьищынэмыщІауэ, «2014 - 2017 гъэхэм, 2020 гъэ пщІондэ КъБР-м Спортымкіэ и министерствэм и мурадщ узыншагъэр щрагъэфІакІуэ Іуэхущ Іапі эхэмрэ футбол цІыкІумкІэ губгъуэхэмрэ я кьуажэхэм щиухуэну. Спорт ухуэныгъэхэр кьыщытпщытам, Іуэхущ Іапі э 246-м ящыщу 26-м я щытыкІэр мышІагъэу кьыщІэкІащ. Ауэ диІэщ мы Іуэхум хьарзынэу зыщедгъэужьа щІыпІэхэри. Ахэр: Балъкъэр Ипщэ (Узыншагъэр щрагъэфІакІуэ Іуэхущ Іапі э щаухуащ), Бабугент, Жэмтхъэлэ Ипщэ кьуажэщырщ, - жиІащ Анаев Аслъэн.

Къэпсэлъам кьыззрыхигъэщамкІэ, республикэм и спорт школхэм я процент 60-м ныбжьыщІэ мин 17-м спортым щІухуагъэхьазыр, а Іуэхум толажьэ тренер 430-рэ. Зи узыншагъэм сэкъат иІэхэм папщІэ республикэм спорт школ щхьэхуэ кьыщызэІуахащ, абы сабии 120-м зыщагъасэ. Анаевым жиІащ а школым и гъэсэн Жылэ Татьянэ Урысей чемпионатым текІуэныгъэ кьыщихьауэ, иджы Тыркум щекІуэкІыну Сурдолимп джэгуэхэм зэрыхэтынущ.

Гугъуехьэхэм щытепсэлъыхьыным, абы кьыхигъэщащ къуажэхэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зыщегъэужьыным хуэхэ мылъкумкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр иужьрей ІвыпІэхэм зэрыщытыр, тренерхэр зэрахуримыкъур, нэгъэущІэхэри. ЗэІущІэм хэтахэм жаІащ ГТО-р зэрат щыщкІэр егъэфІэкІуэн, абы кьуажэдэсхэмрэ тренерхэмрэ нэхъыбэу ешэлІэн зэрыхуейр. Анаев Аслъэн упщІэ зыбжанэм жэуап ятащ нэужь, зэлэжьынухэр яубзыхуащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

«Псэупіэ унэ иращыхьын папщІэ цІыху гуп щхьэхуэхэм пщІэншэу щІапІэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм зэрыщратым, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІымкІэ и кодексым и 14-нэ, 17-нэ статьяхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1.«Псэупіэ унэ иращыхьын папщІэ цІыху гуп щхьэхуэхэм пщІэншэу щІапІэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм зэрыщратым, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІымкІэ и кодексым и 14-нэ, 17-нэ статьяхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьын Іэ щІидзын икІи хэІущІыІу ищын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2017 гъэм мэлыжьыхьым и 27-м
№678-П-П

● Ди къуэш республикэхэм

Псэупіэ кърат

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъкІэ зыгъэзащІэ Къумпыл Мурат Щоджэн школ-интернатым и гъэсэн сабий зеиншэ 20-м фэтэрхэм я Іункіыбзэ Іуххэр яритащ. Иджы абыхэм езыхэм я псэупІэ яІэжщ.***

- ЩІАЛЭГЪУАЛЭМ зашІэбгъэкъэуэныр - кьэкІуэнум теухуауэ пщІэфыну псом я щхьэщ. Фэращ Адыгейми Урысейми зезыгъэужьынур. Фызэрылэжьэфым, фІым фызэрыхущІэкъум елъытащ ди къэралым игъэтыну зыужьыныгъэмрэ жылагъуэм и зІуэзэпэщІмрэ. Балигъ гъащІэм екъуІэныгъэхэр фыщІэну си гуапэщ! - яжриІащ Къумпыл Мурат щІалэгъуалэм.

ЩІыналъэм и Іэтащхьэм къызэрыхигъэщащи, апхуэдэ Іуэхум адэкІи пащэнущ. Илъэс кІуам сабий зеинщэкэр псэупІэкІэ кьызэгъэпэщыным сом мелуани 104-рэ хухахауэ щытамэ, мы гъэм ар сом мелуани 147-м нэсащ. ИджыкІэ фэтэрэ 132-рэ къащхуащ. Илъэсыи и кІэм нэсыху абыхэм 48-рэ кьахэхъуэнущ.

Утыкум йохьэ адыгэхэр

АБХЪАЗ. ***Чанбэ Самсон и цІэр зезыхьэ Абхъаз драмтеатрым и гупэм деж щызэхэтащ адыгэ уэрэдымрэ кьафэмрэ я концерт. Ар кьызэрагъэпэщащ Абхъазым щыпсэу адыгэ-шэрджэс щІалэгъуалэм папщІэ хабзэ яхуэхъуауэ ирагъэкІуэкІ щэнхабз зэхьхьэхэм хиубыдэу.***

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ, ахэр куэд хъурт, я нэгу зрагъэужьащ, я гукъыдэжыр кьаІэтащ «Джэгу» адыгэ кьафэ хабзэр зыгъэзэщІа кьэфакІуэ ныбжьыщІэхэм, апхуэдэуи утыкум щыІуащ адыгэ уэрэдыжьхэр.

- Дэ Краснодар крайм дыкъикІащ, зи щэнхабзэр зыхъумэ гуп дызэкъуэувуэу аращ. Нэхъыбэу дызытелажьэр я лъахэм имыс адыгэхэм папщІэ щэнхабзэ Іуэхуэр егъэкІуэкІыныщ, - жеІэ Адыгэ щэнхабзэ центрым и унафэщІ Щамэ Софиятэ.

Центрым и лІыкІуэхэр Тыркум щыІащ, абы щыпсэу адыгэхэм папщІэ Іуэху гуапэхэр ирагъэкІуэкІащ.

Сом мин 200 - дэтхэнэми

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Къэрэшей-Шэрджэсым Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм къызэриІэтыгъэпэща комиссэм къыхихьынущ егъэджакІуэ нэхъыфІхэр.***

РЕСПУБЛИКЭМ и егъэджакІуэ нэхъыфІу 4-м сом мин 200 дэтхэнэми хуэзэу хуагъэфэщащ. Ахъшэ саугъэтыр абыхэм ират Егъэджакіуэм и махуэр щагъэлъапІэм ирихьэлІэу. Министерствэм щыгъуэзэ дыкъызэриІэкІкІэ, ахъшэр федеральнэ бюджетым къыхэкІ, республикэ бюджетым щыщ халъхь.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Бахъсэн щІыналъэ

Лэжьыгъэ щхьэпэ ирагъэкІуэкІ

Мы гъэр уэлбанэрилъу зэрыщытым ипкъ иткІэ, Бахъсэн районым и администрацэр, къуажэхэм я унафэщІхэр махуэ къэс кІэлъоплъ псы къащІэуэнкІэ шынагъуэ здэщыІэ щыпІэхэм.

УЭПБАНЭ нэужьым псыр лъэпощхьэпоунІзу уэрамхэм ирикІуэн папщІэ, егъэкІуэкІыпхъэ лэжьыгъэхэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну комиссэ къызэрагъэпэщащ. Абыхэм я нэІэ тетщ псыр зыщІэункІэ нэхъ шынагъуэ щІыпІэхэм, икІи апхуэдэ къэхъумэ, Іуэхущ Іапі эхэм я унафІэщІхэр ящІапхъэхэм щыгъуазэ хуащІ. Псы зрикІуэ бжьамийхэр, псы ежэхэм хэлъ фІейхэр, жыг къудамэхэр зыбжанэрэ ягъэкъэбзащ мы гъэр кьызэрихьэрэ. Нобэкіэ Бахъсэн районым и куажэхэм псы кьащІэуэнкІэ шынагъуэ щыІэкъым.

ЖЫЛОКЪУЭ Лусанэ.



«Мэшыкъуэ» зэхыхьэшхуэм зыхуагъэхьэзыр

Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и Іуэхущ Іапі эм «Мэшыкъуэ-2017» щІалэгъуалэ зэхьхьэшхуэр гъэхъэзырыныр егъэкІуэкІыныкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым и зэІущІэ мэкъуауэгъуэм и 21-м щрагъэкІуэкІащ.

АР къыщызэІуихым, УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и къуэдзэ Галактионов Андрей жиІащ Кавказ Ищхьэрэм къыщызэрагъэпэщ щІалэгъуалэ Іуэху нэхъыщхьэм зыхуэгъэхьэзырыныр и кІэм зэрынагъэблэгъар. Абы къыхигъэщхьэкІащ «Мэшыкъуэ» форумым и мыгъэрей зэхуэсым къуажэдэс щІалэгъуалэр нэхъыбэу къыхэшэн хуейуэ къызэрилъытэр.

«Мэшыкъуэ-2017» форумым и унафэщІ Головин Георгий зэрыжиІамкІэ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и щІыналъэ псоми щекІуэкІащ зэхьхьэм зыхуэгъэхьэзырыным пыщІа Іуэхуэр: пресс-конференцэр, семинархэр, зыгъэсэныгъэхэр, проект лэжьыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр. А псоми зыхуэунэтІауэ щытар форумым кІэуну щІалэгъуалэр утыку кьызэрихьэным хуэгъэхьэзырыпырщ. А лэжьыгъэхэм хэтащ ЩІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ федеральнэ агентствэм и экспертхэри. Псори зэхэту апхуэдэ лэжьыгъэхэм кьрихьэлІащ цІыху 1400-м щІигъу.

Мы зэхьхьэшхуэм хэтыныхэр бадзэуэгъуэм и 1-м нэсыху ятхынущ, ауэ абы къэкІуэну нобэм ирихьэлІэу щІэлъэІуахэр цІыху 2800-м щІегъу. Кавказ Ищхьэрэм щыпсэуэхэм къадэкІуэу, «Мэшыкъуэ-2017» форумым зыкъэрагъэхьэлІэну хуейщ Урысейм и щІыналъэу 68-м, нэгъэущІ къэралу 7-м я лІыкІуэхэм.

Зэхьхьэшхуэр зыхуеину мылъкумрэ Іэмэпсымэхэмкіэ къызэрызэрагъэпэщым Ставрополь крайм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Кувалдинэ Ириней, шынагъэншагъэр хъумэнымкІэ зэфІагъэкІхэм Урысейм и МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэу Ставрополь крайм щыІэм и унафэщым и къуэдзэ Демин Владимир сымэ тепсэлъыхьащ.

Кавказ Ищхьэрэм я щІалэгъуалэм я «Мэшыкъуэ-2017» зэхьхьэшхуэр Пятигорск къалэм и Комсомол хуэйм сменитІу гуэшауэ щекІуэкІынущ щыщхьэуІум и 5-19-хэм.

КРАПИВИНЭ Викторие.

● Зыгъэсэныгъэ

КъБР-м къэкІуащ Урысей Федерацэм Іэщ экІэ Зэщ Іэуэзэда и Къарухэм и бгыльаагъ дзэхэр

Дунейпсо Дзэ джэгуэхэр-2017-м зыхуагъэхьэзырыным ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІынущ Урысей Федерацэм Іэщэкіэ Зэщ Іэуэзэда и Къарухэм и бгыльаагъ къудамэ нэхъ лъэщыр щызэхагъэхІыну «Эльбрусское кольцо» зэхьэзэхуэр.

ЗЭПЕУЭМ хьыбэу зэщ Іэ къулыкъу щызэщІэхэр бгым жэрыгъэкІэ дэкІынущ, абы и лъэпощхьэпохэр кьызэранэкІыныр, Іуащхьэмахуэ и щІыпІэм дэкІуеинущ. КьищынэмыщІауэ я Іэзагъым хагъэхьуэным, щІыхуэхэр кьрушым кьыщегъэльпыным теухуауэ загъэсэнущ.

Зэхьэзэхуэм хэтынущ къэралым и дзэ округ псоми къикІа цІыху 60-м щІигъу.

КЪАУДЫГЪУ Заур.

● Іуащхьэмахуэ лъапэ

Турист лъагъуэщІэхэр щыпхашынущ

Урал федеральнэ университетым (УрФУ) щеджэхэр щыщхьэуІум и 4-м Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкІуэнущ. Студент-волонтёрхэр ядэлэжьынущ «Іуащхьэмахуэ» лъэпкъ паркым турист лъагъуэщІэхэр щыпхызышынухэм.

«ЭКОЛОГИЕ туризмэм щІалэгъуалэр дегъэхьэхынущ хьуэпсапІэ нэхъыщхьэу диІэхэм ящыщу. Къэбэрдей-Балъкъэрым дгъэкІуэ ди студентхэм абдежым щалъагъуну-щалэжьынухэр тегъэщІапІэ тщІыуэ, дызытепсэлъыхь унэтІныныгъэщІэм хуэдэхэр Урал федеральнэ щІыналъэми кьыщыдгъэунэхуну ди мурадщ. Ди гугъэщ къэралым и адрей щІыналъэри еджапІэ нэхъыщхьэхэри дэ дгъэлъагъуэ щапхъэм иригъэззэну», - жиІащ УрФУ-м щызэхаша «Арктикэ щІэпІлъапІэхэр» экологие волонтёр гупым и унафэщІ **Руднев Андрей**.

Зекіуэ кьызэдежьэнухэм я мурадщ, турист лъагъуэщІэхэр «Іуащхьэмахуэ» лъэпкъ паркым кьызэрыщызэІуахынум хуагъэза я пщэрылъ пажэм кьыщынэмыщІауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и еджапІэ нэхъыщхьэхэм экологие туризмэм дихьэхыу щІэс студент-волонтёрхэми яІуащІэну.

Урал жьжьэм кьикІынухэр ди щІыналъэм махуэ 18-кІэ щыхьэщІэнущ. А лъэхъэнэм кьэриубыдэу абыхэм я мурадщ щІыуэпсым и щыгъыкІэм щыІэ щытепсэлъыхьыну зы зэхуэс ди республикэм и кьалащхьэ Налшык кьыщызэрагъэпэщыну.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

НОБЭ

♦Дунай псым и махуэщ

♦Урысей Федерацэм щагъэлъапІэ партизанхэмрэ тылым щэхуу щылэжьахэмрэ я махуэр

♦1776 гъэм иджырей Сан-Францискэ (США) къалэр зыхуэзэ щыІэпІэ нэщІыр псэупІэ ящІауэ щытащ испанхэм.

♦1855 гъэм Лондон кьыщыдэкІащ «Дейли Телеграф» газетым и япэ номерыр.

♦1870 гъэм Урысей империем хэІущІыІу щащІащ Къалэм теухуа хабзэр. Абы зэрыщыубзыхуамкІэ, къалэм къегъэщІыпІа Іуэхущ Іапі эхэм, абыхэм егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным пыщІахэри хэту, я унафэр щІыныр кьалэ думэхэм я пщэ дэхуэрт.

♦1900 гъэм Одессэ щэхуу щекІуэкІащ студентхэм я урысейпсо съездэ.

♦1916 гъэм уэгум япэу ихьащ «Боинг» компаниеи и къэхъулъатэр.

♦1940 гъэм Луначарскэм и цІэр зезыхьэ Театр институтыр адыгэ, балъкъэр студиехэм щеджахэм къахухащ.

♦1941 гъэм нэмыцэхэмрэ финнхэмрэ я дзэхэр Мурманск къалэм ебгъэрыкІуащ. Советыдзэхэм щІадзащ Заполярье, Карелие щІыналъэхэр хъумэжын.

♦1957 гъэм КПСС-м и ЦК-м и Пленумым унафэ кьыщащтащ партым и бийуэ кьалъыта гупыр - Молотовыр, Маленковыр, Кагановичыр, нэгъэущІхэри - я кьулыкъым тегъэкІыным теухуауэ. Кьуаншагъэу абыхэм ялэжьар Хрущёв Никитэ и Іэхуу еплъыкІэр дамыІыгъуу кьызэрыуварт.

♦1958 гъэм Бразилиер футболымкІэ дунейпсо чемпион япэу хъуащ. Псори зэхэту ар апхуэдэ зэхьэзэхуэхэм тхуэнэйрэ щытекІуащ. Апхуэдэ зыхуэзэфІэкІар а къэралым и футболистхэм я закъэущ.

♦1964 гъэм къагупсысащ цІыхур кьэмытаджу езыр зыхуей каналым телевизорыр зэрытриухуэу Іэмэпсымэр - пультыр.

♦1976 гъэм Сейшел хьтІыгуэр къэрал щхьэхуит хъуащ.

♦1984 гъэм Минск метром и япэ Іыхьэр лажьэу яутІыпщащ.

♦1995 гъэм Москва и Къалэ Думэм къэралым и щыхьэрым и уставыр кьищтащ.

♦2010 гъэм УФ-м и Суд Нэхъыщхьэм унафэ кьищтащ «Славянский союз» жылагъуэ-политикэ зэгухьэныгъэр лэжьэну хуит зэримыщІыну теухуа унафэр. И щхьэусыгъуэр - абы экстремист мурадхэр зэриІэрт.

♦Франджы тхакІуэ Антуан де Сент-Экзюпери къызэралъхурэ илъэси 117-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артист Балъкъэр Юрий и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Тыркумэным и президент Бердымухамедов Гурбангулы и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦Урысей актрисэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ Машная Ольгэ и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэзэх кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 28-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Мащ Іэр фІыщ Іэ зымыщ Іым, куэдри фІыщ Іэ ищ Іынкъым.

«Псэупlэ унэ иращыхьын папщlэ цыху гуп щхьэхуэхэм пщlэншэу щlапlэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэм зэрыщратым, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щlымкlэ и кодексым и 14-нэ, 17-нэ статьяхэм зэхъуэкlыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкlыныгъэхэр хэлъхьэным и lуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыщтащ 2017 гъэм мэлыжьыхьым и 27-м

1 статья

«Псэупlэ унэ иращыхьын папщlэ цыху гуп щхьэхуэхэм пщlэншэу щlапlэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэм зэрыщратым, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щlымкlэ и кодексым и 14-нэ, 17-нэ статьяхэм зэхъуэкlыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» 2011 гъэм дыгъэгъаз эм и 20-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №121-РЗ-м мы къыкlэлъыкlуэ зэхъуэкlыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 1-нэ статьям хэт «цlыхухэм зэрыратым» псалъэхэр зхэхъуэкlын» цыху гуп щхьэхуэхэм зэрырат хабзэмрэ» жиlэу.

2. 2-нэ статьям:

1) lыхьэ 1-м:

а) япэ абзацым хэт «сату зэпеуэхэр ирамыгъэкlуэкlыу икlи ухуэныгъэр зытетыну щыкlэр пыухыкlауэ къамыгъэлъагъуэу» псалъэхэр хэгъэкlын;

б) пункт 2-р мы къыкlэлъыкlуэм хуэдэу зэхъуэкlын:

«2) щlапlэ хухахьн папщlэ лъэIу тхылъыр щата махуэм ирихьэлIэу зэщхьэгъусэхэм дэтхэнэми (адэм е анэм и закъуэмэ - абы) я ныбжьыр илъэс 35-м щIимыгъуамэ;»;

в) пункт 5-нэм дэщыгъуэжьн мы къыкlэлъыкlуэм хуэдэу иту:

«5) си ныбжьыр илъэс 18 иримыкъуауэ бынищ е нэхъыбэ зиlэ, зи адэ-анэм (зыпlыжахэм) е абыхэм я зыухэсхьым щыщlы-гъуу псэу цlыхухэм, апхуэдэу сабийр курыт профессиональнэ щlэныгъэ е щlэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт еджапlэм очнэу щеджэмэ - еджапlэр къиухыху, ауэ и ныбжьыр илъэс 23-рэ щрикъум нэхърэ мынэхъыбэкlэ.»;

2) lыхьэ 2-м къару имыlэжу къэлъытэн.

3) lыхьэ 3-м:

а) япэ абзацым хэт «lыхьэхэу 1-мрэ 1-мрэ» псалъэхэр зэхъуэкlын «lыхьэ 1-м» жиlэу;

б) пункт 1-р мы къыкlэлъыкlуэм хуэдэу зэхъуэкlын:

«1) цlыхухэм жылагъуэхэм хиубыдэу унэ зращlыхьын, унагъуэ хозяйствэ щызэрахьэн щы lыхьэхэр (уней лъапсэхэр), апхуэдэу дачэхэр, жыг хадэхэр щагъэкlи щы lыхьэхэр ямыlэмэ;»;

в) пунктхэу 1-1-мрэ 1-2-мрэ дэщыгъужьн мы къыкlэлъыкlуэм хуэдэу иту:

«1-1) цlыхухэм якъэралым е муниципалитетым я мылъкум хиубыдэ щы lыхьэхэр нэхъ япэкlэ пщlэншэу ирата-уэ щымытамэ;

1-2) пщlэншэу щы lыхьэ хухахьн папщlэ учётым ягъэувыну зэрыщlэлъэIу тхылъыр щрата махуэм япэ къиухэу илъэситхум къиубыдэу цlыхухэм щы lыхьэхэр щэн-къэщхэуным пыща lуэхукъэ ирамыгъэкlуэкlамэ;»;

г) пункт 5-р мы къыкlэлъыкlуэм хуэдэу зэхъуэкlын:

«5) федеральнэ законодательствэм икlи ктхlэ щы lыхьэхэр бэджэндымкlэ зэгурыIуэныгъэм тету бэджэнду ират икlи ахэр зыныгъэм пщlэншэу иратыжьыпэ псэупlэ унэхэр, унэ ныкъуэщlхэри яхэту, езыхэм я мылъкуу зэрыщытымкlэ хуитныныгъэр я къралым ирагъэтха нужь»;

4) lыхьэ 5-м я къару имыlэжу къэлъытэн.

3.3-нэ статьяр мы къыкlэлъыкlуэм хуэдэу зэхъуэкlын:

«3 статья. Псэупlэ унэхэр тращlыхьын папщlэ унагъуэхэм щы lыхьэхэр зэрыратыр.

1. Цlыхухэм псэупlэхэр иращlыхьын папщlэ щы lыхьэхэр хухах, а мурадым папщlэ учётым игъэуфэ е учётым иракъутыкlыж мы статьям къызэрыщыгъэлъэгъуам тету, абы теухуауэ федеральнэ законэхэм нэгъуэщI щымыубзыхуамэ.

2. Цlыхухэр учётым игъэувын папщlэ зыхуей документэмрэ ахэр зэрат хабзэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къещтэ.

3. Пщlэншэу щlапlэ хухахьн папщlэ цlыхум и лъэIу тхылъымрэ абы щыIугъу документэмрэ щита махуэм увыIэ унафэр зезыгъакlуэ органым щатх ахэр къыщыIаха махуэмрэ зэманымрэ къыщыгъэлъэгъуауэ икlи абыхэм махуэ 30-м къриубыдэу хоплъэ. ЩlыпIэ унафэр зезыгъакlуэ уполномоченнэ органыр щlэншэу щlапlэ хухахьнымкlэ учётым гъэувыным теухуа унафэ хъиштэн папщlэ зыхуей информацэм щIоупщlэ, абы хуэгъэзауэ къэрал властым и органхэмрэ щlыпIэ унафэр зезыгъакlуэ органхэмрэ я ведомствэ зэхуакlуэ электрон зэдзлэжьэныгъэм и системэри къиГъэсэбэпурэ икlи мы lыхьэм къыщыгъэлъэгъуа зэманым къриубыдэу къещlэ цlыхур зыхуэфащэ учётым гъэувыным е мыгъэувыным теухуа унафэ.

4. Цlыхур учётым мыгъэувыным, щы lыхьэ бэджэнду е езым и мылъкуу емытыным теухуа унафэ къащтэ, мы къыкlэлъыкlуэ щхьэусыгъуэхэм ящыщ зы щыIэмэ:

1) къэлъэIуам пщlэншэу щы lыхьэ къыIухыну мы Законым икlэ иткlэ имыIэмэ;

2) мы Законым и 2-нэ статьям и lыхьэ 3-м и 1-3-нэ пунктхэм къащтэу емызэгъмэ;

3) пщlэншэу щы lыхьэ хухахьн папщlэ цlыхум къитын хуей документэм ящыщ гуэр къэтмэ.

5. Цlыхур учётым ирахьыж мы статьям и lыхьэ 4-м 1-нэ е 2-нэ пунктхэм къыщыгъэлъэгъуа щхьэусыгъуэр щыIэмэ, апхуэдэу мы къыкlэлъыкlуэ щхьэусыгъуэхэм ящыщ зым икlэ иткlэ:

1) къэлъэIуам пщlэншэу щlапlэ къыIухыну зэрыхуимытыжьым теухуа и тхыгъэм икlэ иткlэ;

2) мы Законым тету цlыхум щlапlэ зэрыратам къыхэкlыу;

3) къэлъэIуар зэрылlам къыхэкlыу.

6. Пщlэншэу щы lыхьэхэр къыхахыну хуитныныгъэ зиlэ цlыхухэм щlапlэхэр хухах ахэр къыщыгъэлъэгъуа зэманым теощlыхьауэ зэрызэкlэлъыкlуэкlэ.

7. Мы Законым икlэ иткlэ цlыхухэм ират щlапlэхэм я инагъыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Гъэзэщlакlуэ властым и зыхуэфащэ уполномоченнэ органым, щlыпIэ унафэр зезыгъакlуэ органым я гъэув мы къыкlэлъыкlуэхэм хуэдизу:

1) нэхъ мащlэ дыдэу гектар 0,06-рэ хъууэ;

2) нэхъыбэ дыдэу гектар 0,10-р хъууэ».

2 статья.

Псэупlэ унэхэр зращlыхьын щlапlэхэр къыIахынымкlэ я1э хуитныныгъэхэр къызэрагъэпэщын папщlэ мы Законым къару игъуэтыным нэмысу учётым я1гъэуваУэ щыта цlыхухэм апхуэдэ хуитныныгъэхэр я1эу кьонэж.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ

2017 гъэм накъыгъэм и 19-м

№16-РЗ

Республикэм и радиом лжьэн зэрыщIидзэрэ накъыгъэм и 7-м илъэс 90 ирикъуауэ. Сэри апхуэдиз къэзгъэщIащи, абы и зэфIэуэвэкIам, и зыужьыкIам мыIейуэ сышыгъуазэщ. Радиом сыIэрыщыIа илъэс 12-р сигу къыщыкIыжкIэ, гупсысэ нэхухэм сыхашэжри, а зэманыр Iэфiу си нэгу къыщIохьэж.

Радиом къигъэщIам хуэдиз сэри къэзгъэщIащ

● Гукъэкlыжхэр

ЕГъЭДЖАКlУЭХЭР щагъэхьэзыр Къэбэрдей пединститутым и тхыдэ-филологие факультетыр махуэрыеджэу къыщызуха 1954 гъэм жэщхэм корректору сыщылажьа «Къэбэрдей пэж» республикэ газетым сыкъагъэнэжат. Радиом и унафэщlым и къуэдзэ Къэрмокъуэ Мухьэмэдрэ сэрэ зы пlантlэ дыдэсти, ТАСС-м кьитхэм ящыщ тхыгъэшхуэ ныскуехьри, зэздзэкlыну къызолъэIу. Ар хузоГъэзащlэ, тхыгъэри хъарзынэу къагъэсэбэп. Иужькlэ, куэд дэмыкlыу, Мухьэмэд зыкъысхуегъаэзри, радиокомитетым и тхьэмадэ Къардэн Башир сыкъыззрилъыхъуэр къызжеIэ. Къыщыхсуеймк сегупсысуэ, сыщыхущlыхьэ махуэ гуэр абы и деж сокIуэ. НафIэгуфIэу сригъэблэгъащ, си щхьэм, си унагъуэм, си улахуэр зэрыхъум щIэупщIэри, я деж сыщылажьэмэ зэригуапэр къыхигъэщащ. КъызэлъэIуу редакцэм сыкъызэрагъэнар си щхьэм илъри, жэуап пыухыкlа зэрысхуемытынур Башир къыгурызогъаIуэ. «Хъунщ, Хьэутий, узахуэщ, абы и унафэр сэ ссщlынщ», - жиIэри, дызэхуэзарэзыуэ дызэбгъэдокIыж. Заул дэмыкlыу, «Къэбэрдей пэж» газетым и редактор Сэхъу Къэрэщей среджэри, гушыIэ хэлъу къызжеIэ: «Унафэ тхlий къыгъэщlащи, радиом удмыгъакlэуэ хъунукъым».

Апхуэдэ щыкlэкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и гуп зэкъуэтым а илъэс дыдэм сакъыхохутэ. Мазэ зытlущ зэдзэкlакlуэу сылэжьа нэужь, «Хьыбарыщlэхэмкlэ редакцэм» жэуап зыхь и редактору сагъэув. Абы щыгъуэ псори зэхэту радиом щылажьэр цlыху 20-м нэсыртэкъым. Студиер зэрыхъур метр зэбгъуэзнатlэ 13-14-т. Микрофонитl диIэти, зыр къэпсэльапlэм щIэтт, адрейр килограмм 80-м щIигъу зи къэльагъ «МЭЗ» зэратх аппаратурэм щIигъуу къыздетхыкlыр. Республикэм къыщиткlуахыну диIэр зы автомашинэт, ари хьэльэзешэу.

Дыщежьэкlэ, нэхъыжьыр шофёрым бгъурыст, адрейхэр машинэм тет будкэм дист. Гуп зыбжанэ дыхъурт, пщэрылъ зырыз диIэти, щIыпIэхэм зытедгуашэрт. Нэхъ жыжьэ кIуам къиГъэзэжьхукlэ къздгъэпсэльэнухэр дгъэхьэзырти, хуит къэхъуа «МЭЗ» аппаратурэм я макъэхэр чэзууэ тредгъатхэуэрэ, а гъуэгу дыдэмкlэ гуваУэ дыкъэкlуэжырт.

Дыщылажьэр Майм и 1-м и цlэр зезыхьэ уэрамым тет унэ лъахъшэ цlыкlурт. Пэшитхури Iэзэвльэзэвт, стIол зырыз-тlурытl нэхъыбэ щIэхуэртэкъым. Эфирым кIуэ нэтынкэм хуабжьу дахуэсакъырт, Iуэхуфlкэм, зыужьныныгъэмрэ зыузэщlыныгъэмрэ зыубгъуауэ датепсэлъыхьырт. А зэманым къытхэтар цlыхубзипlщ - адыгэбзэрэ урысыбзэкlэ нэтынкэр тезыдзэу 2, бухгалтер-кассиримрэ дикторымрэ. Радиом и агитбригадэм къалэныщхуэ игъэзащlэрт. КПСС-м и съездым, республикэм и парт конференцэм, комсомолым и зэIущlэшхуэхэм я унафэкэр цlыхухэм я деж нахьэсын мурадкlэ, гупыр ежьэрти, Iэщ фермэкэр, губгъуэ пщlыпхэр къызэхикlухьырт, къалэдэсхэмрэ къуажэдэсхэмрэ яхуэзэрт, Къущхьэхъу жыжьэр зэщlигъэхьэрт. «Хьыбарыщlэхэмкlэ редакцэм» жэуап зыхь и редакторым и пlэкlэ корреспондент сыщагъэкlуа гъэм КПСС-м и съезд зэхэтати, звукооператор Къэпащlэ Ахьмэдхьанрэ сэрэ дежьэри, шыгурэ выгукlэ дагъэIэпхъэуэ, Шэдзэм щIыналъэм и гъэш фермэкэр маззэкlэ къызэхэткlухьауэ щыташ. Пщэдджьжь жэм шынбэ зэфIэкlа нэужь, сэ Iэщцыхъуэхэм сахэпсэлъыхьырт, я упщIэхэм жэуап естырт, хъэралымрэ республикэмрэ нэхъыщхьэу щекIуэкlхэм хэзгъэгъуазэрт, пщцыхьэщхьэ Iуэхуэр зэрызэфIэкlыну, Ахьмэдхъан «МЭЗ» Iэмэпсымэр Iуидзэрти, гъуэлъыжьгъуэ хъуху адыгэ пшыналъэ игъэдаIуэрт.

Республикэм и район псоми корреспондент пунктхэр къыщызэIутхати, тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэ куэд къытхуэкlуэрт. Къыддэгушlэхэри къаэкlырт. Зэгуэрым апхуэдэ зы къысIэрохьэ. Сыкъеджэмэ, итыр псалъэ зыбжанэщ: «къумыкъурэ урысрэ фIэкIа радиом щылэжьэн адыгэ фымыгъуэту ара? Хьа-хьахьа!» Мыкъыхуэ я цlыхубзрэ Урысхэ я щlалэрэ хъыбарыщlэхэм къызэдежьэри, абыхэм ядэгушlэу арат. Корреспондент хэхам и къалэнхэр пщэрылъ къысщащlу Урожайнэ, Тэрч, Лэскэн районхэм сыщрагъэбыдыпIам, сызытеукlытыхьжа гуэр къысщыщlауэ щытащ. Унафэщlхэр зззгъэщlыхун мурадкlэ, Iэмэ Iэминэ, Малиновская Данэ, Журтыбей Иннэ, КIэмыргуей Мухьэмэд, Щауэ Марьянэ, ЦIыпIынэ Динэ, Бабыгуей Руслан, Нэщlо Лианэ сымэ щытекIуащ республикэпсо предмет олимпиадэхэм. Заринэ хъуащ «Илъэсым и еджакIуэ нэхъыфI-2016» икIи «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щIыналъэ хуэдамэм и стипендиерэ Дзэлыкъуэ районым и администрацэм и Iэтащхьэм къыбгъэдэкI ахъшэ саугъэтрэ къыхуагъэфэщащ. Даней ящэ увыIэр къыщихьащ «Илъэсым и еджакIуэ нэхъыфI-2017» зэпеуэм. Нэмэз Дианэ щытекIуащ Журналист ныбжьыщlэхэм я щIыналъэпсо зэхъэзэхуэм.

Хъыбарегъащlэ технологиехэмкlэ екIуэкlа зэпеуэм мы гъэм щIэныгъэ лъагэхэр къыщагъэлъэгъуащ 10-нэ классым и еджакIуэхэу Шыбзыхъуэ Астемыррэ Елъэпар Хъантемыррэ. Ахэр щытекIуащ «Къэкlуэнур зэгъусэу доухуэ» урысейпсо щlэныгъэ-техникэ конференцым, мехатроникэмкlэ, робототехникэмкlэ екIуэкlа республикэпсо олимпиадэхэм. «Инженерыр - Iэщlагъэ хьэлэмэтщ» урысейпсо творческэ конференцым, нэгъабэ Москва щекIуэкlам, Астемыр щытекIуащ, абы щыхьэт щIыхь тхылъым щIыгъуу Дзэлыкъуэ районым и администрацэм и Iэтащхьэм къыбгъэдэкI ахъшэ саугъэти иратащ.

Зэхуэсым щаIэтахэм ящыщщ Къамылыкъуэ дэт курыт школым и10-нэ классым и еджакIуэ Къанкъул Алихьан. «Илъэсым и еджакIуэ нэхъыфI-2017» щlэр зыфIаща щlалэщlэм ахъшэ саугъэткlэ зэуупсащ.

Апхуэдэу я1этащ спортымрэ физкультурэмкlэ ехъулIэныгъэфIхэр зыIэрызыгъэхьа, ГТО-м къигъэув пщалъэхэмкlэ дыщэ дамыгъэхэр зыхуагъэфэща ныбжьыщlэ 22-рэ. Апхуэдэхэу Гъэнгъэпщ Албэч, Тэхъу Аслъэн, Хъэшкlул Алим, Шыд Арсен, Бабыгуей Руслан, Мэржэхъу Альбинэ, Ныр Елдар, Токъмакъ Албэч, Къуэщlысокъуэ Алан, Батэ Аслъэнбэч, Къубалэ Индирэ, Уэзрокъуэ Аслъэн сымэ, нэгъуэщlхэри.

«Динымрэ шыIэныгъэмрэ» республикэпсо зэпеуэм, «Адыгэ тхыгъэ» лъэпкlэпсо зэхьэзэхуэм щыткlуа Мусэ Хьэсэнрэ гъуэзджэмрэ щэнхабзэмкlэ республикэпсо, къэралпсо зэпеуэхэм я лауреат мыз3-мытIэу хъуа, дамыгъэ лъапIэ куэд зыхуагъэфэща Къущхьэ Ларианнэрэ Iэгуузшхуэ хуаIэту щагъэлъэпlащ районпсо зэхьыхьэм. Пшыхьым щаIэтахэм ящыщу нэхъыщlэ дыдэт Малкъ дэт курыт школ № 3-м и 6-нэ классым щеджэ Дыгужь Дианэ. Абы япэ увыIэр къыщихьащ «Вагъуэбэ» урысейпсо зэпеуэм и республикэ Iыхьэм, иужькlэ Королёв къалэм щекIуэкlа кIэух зэхьэзэхуэми пашэ щыхъащ.

ЩIыналъэм и еджакIуэ нэхъыфIхэм ящыщ дэтхэнэми ираташ район администрацэм и Iэтащхьэм, щIыпIэ самоуправленэм и советым, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щIыналъэ къудамэм къабгъэдэкI щIыхь, фIыщlэ тхылъхэр. Къинэмыщlауэ, Дзэлыкъуэ щIыналъэм и администрацэм и Iэтащхьэм къыбгъэдэкIыу абыхэм тыгъэ хуащlащ Котляровэ Мариерэ Викторрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр. Тельыджэ цlыкIурэ ину 100» я тхылъ гъэщlэгъуэныр. Еджакlуэхэм нэмыщl зэхуэсым щагъэлъэпlащ егъэджакlуэхэм, адэ-анэхэм ящыщ зыбжани.

Щэч хэлъкъым, ныбжьыщlэхэм куэдрэ ягу илъынщ апхуэдэ гулъытэ лъагэр. Ирехъу ахэр дяпкlэ къахьыну текIуэныгъэщlэхэм я щlэдзапlэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Налшык

Нэхъыжьхэр ягъэгушхуэ

Ди республикэм хабзэ дахэу къыщокIуэкI ныбжьыфI къэзыгъэщlахэм гулъытэ яхуэщlыныр.

МЫ МАХУЭХЭМ Налшык къалэ администрацэм щагъэлъэпlащ Хэку зауэшхуэм хэтахэу, лэжьыгъэ гъуэгуанэшхуэ къезыхьэлIаХэу Таппасханов Чомакърэ Кравченкэ Алексейрэ. Абыхэм ираташ Урысейм и Президент Путин Владимиррэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ къьабгъэдэкI хъуэхъу письмохэмрэ тыгъэхэмрэ.

Нэхъыжь Iумахуэхэр, я фэ дэхуа гугъуехь псоми емылъытауэ, нэжэгужу, я бынхэм, абыхэм я быныжхэм ящыгуфIыкIыу мэпсэухэр. Къапщтэмэ, Чомакъ и бынхэм я быныжу 16 иIэщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Гуфlэгъуэ зэхуэсхэр

Гулъытэ лъагэ

Урысей Федерацэм и щlалэгъуалэм я махуэр ди республикэм Iэтауэ щагъэлъэпlащ. Абы ехьэлIа гуфIэгъуэ зэхуэс щекIуэкIащ Дзэлыкъуэ щIыналъэм. Районым и администрацэм и пресс-Iэнатlэм и лэжьакIуэ Щокъуий Iэминэ хъыбар къызэрыдигъащlамкlэ, администрацэм и унэм къыщызэрагъэпэща махуэшхуэ зэIущlэм щагъэлъэпlащ зыщеджэ школхэр, я егъэджакIуэхэр, адэ-анэхэр, зыщыщ къуажэхэр. Дзэлыкъуэ щIыналъэр я текIуэныгъэхэмкlэ, зыIэрагъэхьа ехьулIэныгъэ лъагэхэмкlэ зыIэта гупышхуэр.

ГУФIЭГЪУЭ зэIущlэр къызэIуихащ щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и япэ къудзэ Бей Iэрес. Район унафэщlым и цlэкlэ ар къызэхуэсахэм гуапэу ехьэхъуащ махуэшхуэмкlэ.

- Нобэрей махуэр фи гъащlэм увыпIэшхуэ щызыубыдынухэм ящыщщ. Куэд щlакъым къэрал къэпщытэныгъэ ткIийжэр - экзаменхэр - ехьулIэныгъэкlэ зэрызэфIэфхрэ. Иджы щIедзэ фи гъащlэм и lыхьэщlэм, - къыхигъащащ Бейм. - Фымышынэ мурад инхэмрэ къалэнышхуэхэмрэ зыхуэгъэувыжыну, фи акъылымрэ къарумрэ къахьынур куэд мэхъу, фытегушхуэ. Фи гъащlэ гъуэгур къыщыхэфкlэ, фыщымыуэ, зытевхуэнур фи гумрэ фи псэмрэ зыхуитхъэщlыкlа Iуэхугъуэрц. ИтIанэщ ипэжыпIэкlэ насыпыфIэ фыщыхъунур, фыщалъэуа жыпIэми щIыналъэми сэбэп фахуэхъуу фыщыпсэуфынур. Гъуэгу махуэ фытеувэну сыфхуохъуахъуэ, щlалэгъуэ ныбжь дахэм итхэ!

Псори зэхэту цlыху 44-рэ ягъэлъэпlащ а махуэм. Егъэджэныгъэмкlэ щIыпIэ Iэнатlэм и унафэщl Къуэщlысокъуэ Ася и къэпсэльэныгъэм къызыигъэщащ абыхэм я цlэунэцlэхэр.

- Мыгъэрей ЕГЭ-хэм балл лъагэхэр къыщызыхьахэм ящыщщ Вэрокъуэ ФатIимэ, Пыл Заринэ, Мэкъуш Имран, Малиновская Данэ, Жэмыхъуэ Рустам, Лыджыдэ Iэминэ, Нэщlо Аслъэн, Нэмэз Дианэ, Къанкъул Маринэ, Мэргъущ Миланэ, Махъцы Саидэ сымэ, - жиIащ Къуэщlысокъуэм. - Къинэмыщlауэ, ныбжьыщlэ кудым ехьулIэныгъэфIхэр къыщахьащ щlыналъэпсо зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм. Апхуэдэу Пыл Заринэ, Лыджыдэ Iэминэ, Малиновская Данэ, Журтыбей Иннэ, КIэмыргуей Мухьэмэд, Щауэ Марьянэ, ЦIыпIынэ Динэ, Бабыгуей Руслан, Нэщlо Лианэ сымэ щытекIуащ республикэпсо предмет олимпиадэхэм. Заринэ хъуащ «Илъэсым и еджакIуэ нэхъыфI-2016» икIи «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щIыналъэ хуэдамэм и стипендиерэ Дзэлыкъуэ районым и администрацэм и Iэтащхьэм къыбгъэдэкI ахъшэ саугъэтрэ къыхуагъэфэщащ. Даней ящэ увыпIэр къыщихьащ «Илъэсым и еджакIуэ нэхъыфI-2017» зэпеуэм. Нэмэз Дианэ щытекIуащ Журналист ныбжьыщlэхэм я щIыналъэпсо зэхъэзэхуэм.

- Хъыбарегъащlэ технологиехэмкlэ екIуэкIа зэпеуэм мы гъэм щIэныгъэ лъагэхэр къыщагъэлъэгъуащ 10-нэ классым и еджакIуэхэу Шыбзыхъуэ Астемыррэ Елъэпар Хъантемыррэ. Ахэр щытекIуащ «Къэкlуэнур зэгъусэу доухуэ» урысейпсо щlэныгъэ-техникэ конференцым, мехатроникэмкlэ, робототехникэмкlэ екIуэкIа республикэпсо олимпиадэхэм. «Инженерыр - Iэщlагъэ хьэлэмэтщ» урысейпсо творческэ конференцым, нэгъабэ Москва щекIуэкlам, Астемыр щытекIуащ, абы щыхьэт щIыхь тхылъым щIыгъуу Дзэлыкъуэ районым и администрацэм и Iэтащхьэм къыбгъэдэкI ахъшэ саугъэти иратащ.

Зэхуэсым щаIэтахэм ящыщщ Къамылыкъуэ дэт курыт школым и10-нэ классым и еджакIуэ Къанкъул Алихьан. «Илъэсым и еджакIуэ нэхъыфI-2017» щlэр зыфIаща щlалэщlэм ахъшэ саугъэткlэ зэуупсащ.

Апхуэдэу я1этащ спортымрэ физкультурэмкlэ ехъулIэныгъэфIхэр зыIэрызыгъэхьа, ГТО-м къигъэув пщалъэхэмкlэ дыщэ дамыгъэхэр зыхуагъэфэща ныбжьыщlэ 22-рэ. Апхуэдэхэу Гъэнгъэпщ Албэч, Тэхъу Аслъэн, Хъэшкlул Алим, Шыд Арсен, Бабыгуей Руслан, Мэржэхъу Альбинэ, Ныр Елдар, Токъмакъ Албэч, Къуэщlысокъуэ Алан, Батэ Аслъэнбэч, Къубалэ Индирэ, Уэзрокъуэ Аслъэн сымэ, нэгъуэщlхэри.

«Динымрэ шыIэныгъэмрэ» республикэпсо зэпеуэм, «Адыгэ тхыгъэ» лъэпкlэпсо зэхьэзэхуэм щыткlуа Мусэ Хьэсэнрэ гъуэзджэмрэ щэнхабзэмкlэ республикэпсо, къэралпсо зэпеуэхэм я лауреат мыз3-мытIэу хъуа, дамыгъэ лъапIэ куэд зыхуагъэфэща Къущхьэ Ларианнэрэ Iэгуузшхуэ хуаIэту щагъэлъэпlащ районпсо зэхьыхьэм. Пшыхьым щаIэтахэм ящыщу нэхъыщlэ дыдэт Малкъ дэт курыт школ № 3-м и 6-нэ классым щеджэ Дыгужь Дианэ. Абы япэ увыпIэр къыщихьащ «Вагъуэбэ» урысейпсо зэпеуэм и республикэ Iыхьэм, иужькlэ Королёв къалэм щекIуэкlа кIэух зэхьэзэхуэми пашэ щыхъащ.

ЩIыналъэм и еджакIуэ нэхъыфIхэм ящыщ дэтхэнэми ираташ район администрацэм и Iэтащхьэм, щIыпIэ самоуправленэм и советым, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щIыналъэ къудамэм къабгъэдэкI щIыхь, фIыщlэ тхылъхэр. Къинэмыщlауэ, Дзэлыкъуэ щIыналъэм и администрацэм и Iэтащхьэм къыбгъэдэкIыу абыхэм тыгъэ хуащlащ Котляровэ Мариерэ Викторрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр. Тельыджэ цlыкIурэ ину 100» я тхылъ гъэщlэгъуэныр. Еджакlуэхэм нэмыщl зэхуэсым щагъэлъэпlащ егъэджакlуэхэм, адэ-анэхэм ящыщ зыбжани.

Щэч хэлъкъым, ныбжьыщlэхэм куэдрэ ягу илъынщ апхуэдэ гулъытэ лъагэр. Ирехъу ахэр дяпкlэ къахьыну текIуэныгъэщlэхэм я щlэдзапlэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Къэбэрдей уэркъэмрэ пщыхэмрэ гъуэгу техьэну загъэхьэзыр.
Сурэтыр **Гейслер Христиан** *ищlащ. 1800 гъэ*

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Зэпыщіэныгъэхэр

Лъэпощхьэпохэр куэдщ

Бадзэуэгъуэм и пэщідзэм «къэралышхуэ тІощІым» я Іэтащхьэхэр щызэхуэсыну Гамбург ящэ дыдэ щызэІущІэнущ Путин Владимиррэ Трамп Дональдрэ. Сыт абы къикІынур? ИпэІуэкІэ США-м и президентым къигъэгугьат Путин «бгъэдыхьэкІэ къыхуигъэтыну».

- ТРАМП езым и къэралым къызэрыщихуа щытыкІэр хъеплъытэмэ, а зэІущІэм къикІынур зыкІи зэІубэкъым,- хуегъэфащэ «Россия я глобальной политикэ» журналым и редактор нэхъыщхьэ Лукьянов Фёдор. - Трампрэ Лавров Сергейрэ зэрызэІущІам кІуа зэрыхьэзырйм феплъыт. Абы иужькІэ США-м ящІэщу щытепсэлъыхьу щІадзащ импичментым. Пэжщ, ар псалъэмакъ купщІэнщэ дыдэщ, арщхьэкІэ а Іуэхур дяпэкІэ нэхъри гугьэвуунущ. Абы иужькІэ уи нэгу къыщІэбгъэхьэну гуэрыкъым Трамп Путиным кІыхуэзэмэ, къэхьеину гъуэжькуийр зыхуэдизыр. Мыбдежым мыхьэнэ гуэри щиІэжьнукъым ахэр зэгурыІуэнуми е зэгурымыІуэнуми. Дауи, Трамп хущІэкъэчнущ зигъэлІыхьулІыбжьу зыкъигъэлъэгъуэну, ауэ зыри хуэзфІэкІынукъым. Абы и щхьэусыгъуэр Урысейр США-м къэрал кІуэцІ политикэ зэныкъуэкъу зэрыщрагъэкІуэкІ Іэщіу зэрыщыІуварщ. Путиным и Іуэхури хэпІъэгъуэщ: абы сыт щІэми, Трамп и бийуэ къагъэсэбэпынущ. Иджыпстуи белджылыщ лъэныкъуитІыр мыхьэнэщхуэ зиІэ Іуэхухэмкіэ зэрызэгурымыІуэфынур.

«Аргументы и факты».

● ЩІэпхъаджагъэ

Куэди иІэтэкъым - сом меларди 3 къудейщ

«Роснано»-м инвестицэ лэжьыгъэмкІэ и унафэщІ Горьков Андрей игъэІэпхъуэ мыхъу мылъкуу сом меларди 3 иІэу къыщІэкІащ. ЗэрагъэтІысынур къызэрищІэу, Чубайс и лэжьэгъум и псэуалъэ псори и адэ-анэмрэ и къуэшымрэ я цІэкІэ иригъэтхащ. Иджы ар игъэкъуанщэ и унафэр здынэсым зэрыригъэлеямкІэ. Зэман дэкІмэ, ар статья нэхъ хьэлъэкІэ жэуапым иращІэлІэнкІэ хъунущ. 2011 гъэм къыщыщІэдзауэ 2013 гъэр къэсыху Горьковым «Смоленск банк»-м сом мелуан 738-рэ хилъхьащ. Мыгувэу банкыр къызэтещэхащ икІи ахъшэр кІуэдащ, ауэ къэнаи щыІэу къыщІэкІынущ. Іуэхур зэхэзыгъэкІхэм хуагъэфащэ банкым лицензэр Іахьжыным и пэкІэ абы сом мелуан 400 къыхахыжу игъэкъуанщэм и къуэшым и цІэкІэ ятхауэ. Иужьрейм, мылъкур офшорым игъакІуэри, зигъэпщкІужащ.

Иджы хабзэхъумэкэм аргуэру кьагъуэтащ менеджерым и Іыхьлыхэм я цІэкІэ ятха унэ лъапсэхэу пщІыхэр. Езыр мы зэманым «Лефортово» СИЗО-м щаІыгъщ. СМИ-хэм зэратхымкІэ, гаражхэу, щІы Іыхьэхэу, коттеджхэу, уеблэмэ фэтэр куэд хъу унэхэу 30-м щІигъу къахутащ. Ахэр псори зэхэту сом меларди 3 и уасэщ.

Абыхэм ящыщу нэхъ зыкъизыххэмрэ я уасэхэмрэ:

Звонарск уэрамдэкІым къати 8-уэ зэтету щиІэ офис унэр, «коллекцэм» щыщу нэхъыфІ дыдэр. Сом мелуан 600.

«Велка Плаза» бизнес-центрым и зы къат. Сом мелуан 500.

Метр зэбгъуэзнатІэ 291-рэ хъу фэтэр Пречистенскэ псы Іуфэм Іут унэ дэгъуэм хэту, гаражи щыгъуэ. Сом мелуан 350-рэ.

«Ебланэ уафэ» ЖК-м хьыхь сом мелуан 38-рэ и уасэ фэтэр. А щыпІэ дыдэм псэуІэу щымыт псэуалъэ метр зэбгъуэзнатІэ 361-рэ. Сом мелуан 200.

Москва и ГъунэмкІэ щыІэ дачэ щІалІитІ. Мыбы сотых 22-р сом мелуан 70 щиуасэщ.

«Парус плыжьхэр» ЖК-м хьыхь метр зэбгъуэзнатІэ 203-рэ хъу фэтэр. Сом мелуан 70.

Сетунь псым и Іуфэм щыІэ пэшиплІ хъу фэтэр. Сом мелуан 70.

«Покров бульварым тет унэ» ЖК-м хьыхь метр зэбгъуэзнатІи 106-рэ хъу фэтэр. Москва ику дыдэщ. Абыхэ гаражи 2-мрэ сом мелуан 60 и уасэщ.

Рублёвкэ цІэрыІуэм щыІэ псэуалъэшхэр. Сом мелуан 30.

ЩІэпхъаджагъэ Іэмалхэмкіэ зэригъэпэщауэ судым сэтей къищІмэ, а псори Горьков Андрей трахынущ.

Къищынэмыщіауэ…

«Роснано»-м ехьэлІа нэгъуэщІ щІэпхъаджагъэ Іуэху нэхъапэми ялэжьауэ къыщІэкІащ. Корпорацэм и унафэщІхэр къауагъэхэм хэкІыркъым. Псалъэм папщІэ, Москва и Черёмушкинскэ судыр мылъку зэрадгъуэлъ теуухуэ Іуэхум хоплъэ. Пэжщ, ар зэпагъэуащ бадзэуэгъуэм и 7-р къэсыху.

Меламед Леонидрэ Понуров Святославрэ игъэкъуанщэ къэрал ахъшэу сом мелуан 220-рэ зэрадгъуэмкІэ. Хабзэхъумэкэм кьалъытэ унафэщІхэм «Алемар» корпорацэм (и зэхэзыдтІыр езы Меламед ейщ) зэгурыІуэнан теуухуэ щыщІыпІэу.

Щыдыгъуар 2007 - 2009 гъэхэщ, ауэ ар сэтей къыщыхьэуар Къэзыбж палатэм 2013 гъэм иригъэкІуэкІа къэпщытэныгъэм иужькІэщ. ИтІанэ «Роснано»-м и унафэщІхэм ехьэлІа Іуэху зыбжанэ кьаІэтащ.

Арщхьэкіэ абыхэм ящыщ куэдым яхуэзфІэкІащ къэралым икІыну. Къэпщтэмэ, Миламед и къуэдзэ Малышев Андрей Инджылызым кІуауэ жалэ дохутырэр зыкІэлъигъэплъыну щхьэусыгъуэ ищІу. 2015 гъэм уголовнэ Іуэху кьаІэтауэ иджы ар кьалъыхъуэ.

Зи суд ящІэжр я унэхэм щаІыгъщ. ГъэщІэгъуэнщ Меламед хабзэхъумэкэм яхуигъэлъэгъуар: абы жиІащ зэрыкъуанщэр сэтей къащІмэ, къэралым ирита хэщынмгъэр ипшыныжынкІ. Апхуэдэ мурадкІэ банкым щекъымэ сом мелуан 227-рэ.

Езы «Роснано»-м къыщалъытэркъым корпорацэр зыІугъэркІэ хилъэфауэ. Компанием и Іэтащхьэ Чубайс Анатолий хабзэхъумэкэм щраджам, жиІащ а унафэщІхэм я зэранкІэ «Роснано»-м хэщІыныгъэ гуэри имыгъэтауэ. Уеблэмэ ар ящытхъуащ суд зытращІыхь и лэжьэгъуэм.

НИКОЛАЕВ Владимир.
«Комсомольская правда»

● Щынальэхэр

Нэхъ лъэпкъ Іэл дыдэ, е Хамэхэр щаукІ хытІыгу

Уэ кхъухь уиІэмэ е къэпщэхуну уи мурадмэ, зэгъащІэ: Бенгал псы дэжьпІэм щыІэ Андаман хытІыгуэм гъунэгъуу зэи уемыкІуалІэ. Абыхэм ящыщ зым щопсэу я щІыналъэм ихьэ хамэ псори зыукІ лъэпкъ Іэл икІи гущІэгъунэ дыдэ.

Илъэс минипщІ зыбжанэкІэ псоми япэІэщІэ

«Сентинел»-кІэ зэрджэхэр Сентинентал хытІыгум щыпсэу цІыхухэрщ. Ар хохьэ Индием и щІыналъэм, ауэ ипэжьпІэкІэ зыми и унафэ щІэткъым, лъэпкъыр щхьэхуэу мэпсэу хамэ гуэри зыхамыгъэхьэу - я деж кІуэ псори яуКІ.

Еджагъэшхуэхэм кьалъытэ мыхэр Африкэм иІэпхъуэкІа ялэ щыцІухэм я щІэблэу. Ахэр иджыри къэс кьыхэкІыфакъым илъэс мин щэныкъуэ ипэкІэ зыхэта мывэлІэщІыгъуэм икІи зыкІи хуейкъым иджырей гъащІэм кьыхьхьэну. Абыхэм я фэхэр фІыцІэщ, я щхьэцхэр хъурыфэщ.

Къэхутакіуэ зыбжанэм кьалъытэ сентинелхэм мафІэ ящІу иджыри къэс емысауэ, абыхэм мафІэ дапхэр ятІагъуэм кьыхэощІыкІа кумбыгъэхэм щахъумэу - аращ я «мафІэдзри». Пэжщ, дэп уиІэн папщІэ ялэщІыкІэ мафІэ пщІын хуейщ, дауи, жыпІэ хъунущ щыблэ зэуа жыгым ар кьыпахыу. Арщхьэкіэ уафэр зэпымыууэ хьэупскІра? Уегупсыс зэрыхъунумкІэ, абыхэм мафІэ ящІыф башитІ зэщуахъуэурэ, ауэ ар апхуэдизу гугъуэщи, дэпэкр яхъумэмэ нэхъ кьащтэ.

Зыми щІэрэхъми мы зэманым а щыпІэм цІыхуу щыпсэур зыхуэдизыр. Абыхэм я бжыгъэр 40-м кьыщыщІэдзауэ 500-м нэсынкІэ хъунущ. 2001 гъэм цІыхухэр кьыщыхатхыкІым цІыхухъуу 21-рэ цІыхуб 18-рэ кьабжащ. Ауэ кьыззэрабжар жьжьхъуу щытущ, а бжыгъэми зы сабии хэхуакъым. ХытІыгур километр зэбгъуэзнатІэ 72-рэ мэхъу, абы зыщыбгъэпщкІун иІэщ.

Апхуэдэу зыри щыгъуазэкъым 2004 гъэм Индие изым щІыр зэрыщыхьеям къигъэхуабэ толъхъунэм хытІыгум щыпсэухэр кьыззрела щІыкІэм. Яныныкъуэхэр шынэрт роск зэкІудаэу кьыщІэкІынкІэ хъунэ. Арщхьэкіэ иужькІэ хытІыгум щхьэщылъэтыкІа индие вертолётым исахэм кьалъэгъуащ цІыхухъу зыбжанэм шабзэшэхэр гъущІ «хьэпІацІэ» абрагъуэм кьызэрыраутІыпщар. Еджагъэшхуэ зыбжанэм хуагъэфащэ сентинелхэм хьэкІэжъуэкІэхэм яхуэдэу кьэхъунур кьащІэфу икІи абы зыхуагъэхьэзырыфу.

Уахэзэгъэнукъым

ХХ лІэщІыгъуэм зыбжанэрэ хущІэкъуащ а лъэпкъ Іэлым зыгуэркІэ зыпащІэну. Ар кьехъулІакъым, ауэ езы сентинелхэм ятеухуа хъыбархэр мащІэми зэхуахьэсыфащ. ХытІыгум тесхэр иджыри кьэс иропсэу кьащхьІум, бдзэжьейм, зэхуахьэс пхъэщхьэмыщхьэхэм. Гъавэ ящІэн е Іэщ зэрахуэн мурад гуэри яІэкъым.

Ахэр щопсэу тэхъуанэ гъуэмбэрэщхэм, ауэ Іэщэр егупуу зэрахьэ. Шабзэшэхэмрэ шабзэшэхэмрэ кьадэкІуэу бжыхэри яІащ. Сыт хуэдэ щыкІэкІэ яІэрыхьами, абыхэм гъущІ яІащ икІи я Іэщэхэм я пэхэм фІалъхьэнухэр кьыхащІыкІ.

Сентинелхэр зэрыщыІэр ялэ дыдэу кьыщащІар 1771 гъэрщ: абы щыгъуэм британ инспекторым жиІащ хытІыгум нэхугъэ гуэрхэр щыцІуу. Арщхьэкіэ зыпащІэну яужь ихьакъым. 1867 гъэм хытІыгум и гъунэгъу дыдэу псым и чэнжьпІэм хуэзэри тенащ затуущІ кхъуь. Моряки 106-р зэкІуэдэнкІэ хъунут, ауэ я насыпі кьикІащ; зэрызауэ кхъуьыкІ кьригъэлащ. 1897 гъэм хытІыгум щитІысыкІащ щІэпхъуэжа тутнакъым кІэпІыпхъэрэ полицейхэр, арщхьэкІэ куэд якІуэкъым: зыкІэлъыжэ насыпыншэм и хьэдэр кьагъуэтащ шабзэшэхэмкІэ угъуэнауэ, и кьурмакъейри пыупщІауэ. ЯІъэгъуам апхуэдизкІэ ягъэгужьеяти, полицейхэм епІэщІэкІыу хытІыгу угъурсызыр ябгынащ.

Дэ зэманми лъэпкъыр нэхъ щабэ хъуакъым. Псалъэм и хьэтыркІэ, 1981 гъэм «Пушроуз» кхъухьи хытІыгум и гъунэгъу чэнжьпІэм тенащ. ХьэщІэхэр зи жагъуэ сентинелхэм морякхэм бжыхэр, шабзэшэхэр кьрауТІыпщырт. Я насыпти, кьалъэІэсакъым, хытІыгуэм щыпсэухэми хьэм зэрытехьэ Іэмэлсымэхэр яІэтэкъым. Ауэ 2006 гъэм абы и Іуфэм Іухьа бдзэжьеящІтым я Іуэху кьикІакъым: ахэр яуКІащ. Я хьэдэхэр кьашэжьну ягъэкІуа вертолётым пщэрылъ щащІар хуэгъэзэщІакъым, шабзэшэхэр кьызэрытрагъэлъэлъэм кьыхэкІыу.

ЗакъримыгъащІэмэ, нэхъыфІщ

Еджагъэшхуэ куэдым кьалъытэ сентинелхэр дунейм тет нэхъ лъэпкъ Іэл дыдэу. Ар кьызэысхІри гуриІуэгъуэщ: щІэныгъэлІхэри зыплъыхьакІуэхэри мы зэманым Папуа-Гвинеем тыншу щахуозэ нэхъапэІуэм щыхуІ зышхьыу щытахэм, арщхьэкІэ зи гугъу тщІы хытІыгу щыкІуэм щыпсэуэхэм зыри зыбгъэдагъэхьэркъым.

Абыхэм зыпащІэну нэхъ жыджэру хущІэкъуащ блэкІа лІэщІыгъуэм и 60 гъэхэм я кІэухым. Тыгъэ хуащІкІэрэ кьагъэІуэлэну я мурадащ.

Къэхутакіуэхэм щІэх-щІэхьыурэ хытІыгум щрадзыхьыт гъущІым кьыхэщІыкІа кумбыгъэхэр, щыкъухэр, щІугъэнэхэр. Пластикэм ящыщу ягу ирихьащ пэгун гпІыжьхэр, ауэ здэсфэхэм еІуса кьым. Нэхъ щабэ кхъэхунуур уи гугъэнт, арщхьэкІэ гъунэгъу зэрахуэхъуу щабзэкэмкІэ бжыхэмкІэ кьахуэдалъэрт. Я псэуІэри нэхъ тыпш ящІыну я мурадащ: кооперативэ псэуэмрэ кІэщІадзащ. Дэхэр яшхащ, арщхьэкІэ кхъузкэр яуКІри щІатэжащ. 90 гъэхэм зыпащІэну щыри яужь итыжакъым. Япэрауэ, еджагъэшхуэхэр хэкІуэдэнкІэ шынагъуэт, етІуанэрауэ, ди дежь щыкІэкІуэ уз зэрыщІалэхэм хытІыгум щыпсэухэр игъэлІэнкІэ хъунут, иммунитет зэрамыІэм кьыхэкІыу.

Иджы хытІыгум екІуэлІэну зыри хуиткъым.

ГОЛУБЕВ Виталий.
«Самые великие» журнал

● УпщІэ - жэуап

Пащтыхьым улахуэ иратырт

Куэдрэ зэхэтхащ пащтыхь Николай ЕтІуанэр «Урысей щІыналъэр зей» цІыхуу зыкъилъытэжу зэрыщытар. Ауэ абы улахуэ иратрэт?

А упщІэм жэуап ирет тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат **Калачин Кирилл**:

- «Зей» псалъэм куэд егъэщхьэрыуэ: къафІощІ императорым къэралым и мылъку псори зэрыхуейм хуэдэу къыгъэсэбэпыфу къекІуэкІауэ. Арщхьэкіэ Іуэхур зэрыщытар нэгъуэщІущ. 1797 гъэм къыщыщІэдзауэ пащтыхьми абы и унагъуэми улахуэ пыухыкІа яІащ. Павел Езанэм абы щыгъуэм къыдигъэкІат мы Іуэхум теухуа унафэ щхьэхуэ. ИужькІэ, 1886 гъэм, ар зымащІэкІэ зэрахъуэкІащ. А дэфтэрым ипкъ иткІэ, Николай ЕтІуанэм «ирипсэун папщІэ» зы илъэсым сом мин 200 иратырт. Апхуэдэуи сом мин 20 хущІагъурт «унагъуэ Іуэхухэм тригъэкІуэдэн щыгъын къыришэхун папщІэ».

Апхуэдиз дыдэ Іэрыхьэрт и щхьэгъусэ Аледсандр. Пащтыхьыгъуэр зылъысын хуей Алексей сом мини 100 иратырт. Пащтыхьым балигъ хъуа илъэс мин тхущІ-тхущІ ялъысырт, нэхъыщІэхэм яхуэзэр нэхъ мащІэІуэт - сом мин 33-рэ. АрщхьэкІэ пащтыхьыр 1910 гъэм ебэкъуащ лІэщІыгъуэкІэ зекІуа хабзэм - щхьэзыфІэфІу сом мин 75-м нигъэсащ илъэс нэхъыжьхэм я улахуэхэр.

Зэвгъэпщэн папщІэ: а зэманым къулыкъущІэм и курыт улахуэр зы илъэсым зэрыхъур сом минт. Гвардием и полковникым сом мини 4-м нэс къилэжьырт. КъызэрыгуэкІ лэжьакІуэр сом 200-м, егъэджакІуэр сом мин 1,5-м «тест».

«Аргументы и факты».

● Азербайджан

МафІэр къызыпих чэщанэхэр

Азербайджаным газ, щыдагъэ гъэтІылъыгъэхэр и куэдщ. Абы къыхэкІыу Баку километр 12-кІэ фІэкІа пэмыжьыжу мафІэхэр куэдрэ къыщыщІонэ. Арауэ къыщІэкІынущ къалащхьэм и нэхъ лъагапІэ щІыпІэм мафІэр уигу къэзыгъэкІыж чэщанэ абрагъуэу з щІыщаухуари.

Абыхэм метри 190-рэ я лъагагъщ, псоми зэхэту метр зэбгъуэзнатІэ мин 227-рэ яубыд. А ухуэныгъэ гугъуэхэр зи Іэдакъэщ1экІыр Голландием щыщ компаниерщ.

Пщыхьэщхьэкіэрэ чэщанэхэм я щыгум мафІэхэр къыщолынд, иужькІэ Азербайджаным и ныпыр къыщыдокІуей. Езыхэм я кІуэцІым хьэщІэщхэр, нэгуэныжьыпІэхэр, ресторанхэр итщ.

● Гъэсыныпхъэхэр

Ар щІэдзапІэ къудейщ

КъуэкІыпІэ Арктикэм километри 2,3-рэ и кууагъыу щІыдагъэ къыщагъэтащ.

АР КЪЭЗЫХУТАР «Роснефть» компаниерщ. Лаптевхэ я тенджызым и Хара-Тумус хытІыгу ныкъуэм и Іуфэм и деж «дыщэ фІыцІэ» куэд щІэту хуагъэфащэ. Ауэ зэкІэ яубуар зы щыпІэщ, а япэ лъэбакъуэр зычари зи цІэ къытІуа компаниерщ.

Іэщагъэлэхэм кьалъытэ лицензэ ирату яубуа щІыпІэм щІыдагъэ щІэту къыщІакІа иужькІэ «Роснефть»-р КъуэкІыпІэ Арктикэм а и щІыналъэм зи гугъу тщІы гъэсыныпхъэ япэу кьыщыщІыхуту Іуэхущ1апІэ хъуауэ.

УФ-м Щ1ыуэпс кьулеигъэхэмкІэ и министерствэм щыхуагъэфащэ къыщІэшыпІэр ин дыдэу къыщІэкІынкІэ хъуну. Министр Донской Сергей жиІащ: «Си гум къыбгъэдэкІыу сохъуэхъу си лэжьэгъуэхэм. Иджыпстуи дыщыгугъ хъунущ ди щІыдагъэ гъэтІылъыгъэхэм зыкъом къаохъуауэ къыщІэкІыну».

Кьахутар зэрытелъыджэм щыхьэт тохъуэ ЩІыдагъэ-газ геологиемрэ литологиемкІэ институтым и унафэщІ Лобусев Александр. Абы и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, мы щІыпІэм щІыдагъэ куэд щІэту къыщІэкІынущ. ИкІи Іэмал ин дыдэхэр къызэІуех.

Хатангэ щІыналъэм щылэжьэну хуит зыщІ лицензэ «Роснефть»-м ираташ 2015 гъэм и щкІуэгъуэм. Зэраубруну Іэмэпсымэхэр пІалъэ кІэщІым ягъэхьэзыращ, мыбы дунейр зэрыщІуаер кьлъытэри. УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэкІэ мэпыжьыхьым и 3-м яубруэу щІадзащ «Центрально-Ольгинская-1» щІыпІэр. Кьэралым и Іэтащхьэр мы проектым хэтащ, телелъэмыжьэр къигъэсэбэпри. «Роснефть»-м и унафэщІ Сечин Владимир Хатангэ псы дэжьпІэм и Іуфэм щыІащ, «ИпэжьпІэкІэ лэжьэн щыщІыдодзэ щІыдагъэрэ газкІэ къулей щыналъэм. Зэкіэ къызэралъытамкІэ, мыбы щыІэщ гъэсыныпхъэ тонн мелуанхэр. Лэжьыгъэр гугъущ. Мыр япэ къыщІэшыпІэ къудейщ», - жиІащ абы.

ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, Лаптевхэ я тенджызым и щІагъым псори зэхэту щІыдагъэ тонн меларди 9,5-рэ щІэтщ. Аркъудейр Урысейм илъэс 70-кІэ ирикъунт.

2012 гъэм къыщыщІэдзауэ «Роснефть»-м а щІыналъэр кьэгъэІуэпІэным сом меларди 100-м нэблагъэ хилъхьащ, кьэкІуэну илъэситху гъунэгъум инвестицэхэм хуэдитІрэ ныкъуэкІэ заІэтынущ - сом мелард 250-м нэсынущ. Мы зэманым компанием Арктикэм и щІыпІэ 28-м щылэжьэну хуит зыщІ лицензэхэр иІэщ. ІэщагъэлІэхэм кьалъытэ кьэралым щІыдагъэ къыщыщІашьм и процент 25-30-р 2050 гъэм ирихьэлІэу арктикэ къыщІэшыпІэхэм яхуэзэну.

РУБАШОВ Олег.
«Комсомольская правда»

● Щ1ыІэм и Іэужьыр

Щ1ыІэм и Іэужьыр

Урысейм и Банк Нэхъыщхьэм къыщалъытэ ди къэралым ГъатхэрэщІынуІэ зэрыщыщытам къыхэкІыу мазэ гъунэгъуэхэм инфляцэр щыдэкІуеину.

ГЪАТХЭМ дунейм и щытыкІэр зэкІэлъэлъымыкІуэмэ, хадзэкэкІэу, пхъэщхьэмыщхьэхэу кьрахьэлІэр нэхъ мащІэ мэхъу, я уасэхэм ещанэ кварталым хохьуэ.

Лъэпкъ пхъэщхьэмыщхьэ-хадзэкэкІ зэгухьэныгъэм и Іэщ1агъэлІхэм зэрыжаІэмкІэ, ахэр мы гъэм проценти 10 - 15-кІэ нэхъ лъапІэнущ - псалъэм и хьэтыркІэ пхъыр, жэгундэр, бжьыныр. КІэртІофымрэ кьэбыстэмрэ я гугъу пщІыну иджыри пасэщ - бжьыхьэм кьигъэлъэгъэнщ.

Урысейм щыхохьэу гъэшхэкІхэм я уасэхэми. Жэмхэр щыхьуакІуэ, шэр нэхъыбэ щыхъэу зэманри хэкІэсауэ кьэкІуащ.

Мэлыжьыхьым кьыщыщІэдзауэ тхъуцІыныкъм и уасэр жьыджэру докІуей. Абыкіэ кьуаншэр нэгъуэщІ кьэралхэм кьитш апхуэдэ ерыскъыр абыхэм я деж нэхъ лъапІэ зэрыщыхьурщ, - жеІэ «Союзмолоко»-м и унафэщІ Кругликов Сергей. - Къэдгъэлъэгъуэнщи, мэлыжьыхь лъандэрэ мазэ кьэс уасэхэм заІэт».

«Российская газета».

● Уасэхэр

Кавказ Ищхъэрэм школыщІэу 114-рэ щыухуэн, нэхъыбэж щызэгъэпэщыжьын хуейщ. ИтІанэщ ныбжьыщІэхэр зэблэкІыуэ еджэныжькІэ щигъэтынущ. Ар Владикавказ щыжиІащ. Премьер-министр Медведев Дмитрий.

ЩІЫНАЛЪЭМ щыІэ гугъуехьхэм ящыщ зыщ сабийхэр зэблэкІыгъуитКІэ, уеблэмэ зэблэкІыгъуищкІэ (смена) щеджэ школхэр зэрыщымыщащэр. Кавказ Ищхъэрэм щопсэу къэралым и школакІуэхэм я Іыхьэ пщІанэр. Ар щыху мелуан 1,2-рэ мэхъу. 2020 гъэм ирихьэлІэу а бжьыгъэм зиІэтынущ зы мелуанрэ мин 33-м нэсу.

Щ1ыналъэм щолажьэ курыт еджапІэ 3260-рэ. «Ди жагъуэ зэрыхъунщи, абыхэм зэуэ зрашэлІэфырыкъым еджакІуэ псори», - къыхигъэщхьэхуКІащ Медведев Дмитрий. - Блэкіа гъэ еджэгъуэм сменищкІэ лэжьащ школ 61-рэ. А псори Ингушымрэ Щэшэнымрэ щыІэщ. Мы Іуэхур зэхэпхыным Кавказ Ищхъэрэм яужь щыхьащ 2014 гъэм. Абы школ 60-м щІигъу щаухуакІащ. «Мы гъэм еджапІэщІэхэр щыналъэм щыухуэным сом меларди 7-м нэблагъэ ирадитхуи щІигъу хухахынущ федеральнэ бюджетым къыхэкІыу», - ягу къигъэкІыжащ Медведевым. Абы и фІыгъэкІэ тІысыпІэ мин 14,5-рэ къыкъуэкІынущ, арщхьэкІэ зыхуейр мин 57-рэ мэхъу. «Школыщ1эу 114-рэ яухуэн, нэхъыбэж екІуу зэрагъэпэщыжьын хуейщ», - аргуэру жиІащ Медведевым.

Зэ1ущІэм къыщІэтащ щ1ыналъэхэм школ автобусыщІэхэр къыхуащхъунымкІэ правительствэм дяпэкІэ иІэ мурадхэм теухуа Іуэхури.

«А программэм мы гъэми къыкІэлъыкІуэ илъэсхэми делэжьынущ, - жиІащ Медведевым. - Мылъкуу хуэдэтІыпщынур зыхуэдизыр щытыкІэм къигъэлъэгъэнущ. Арщхьэкіэ си гугъэщ ар илъэс кьэс сом мелард 1,5 - 2-м нэхърэ нэхъ мащІэ мыхъуну».

Къызэхуэсахэр щІэупщІащ улахуэр упсэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу узыхуейм щынагъэсыну зэманми. Медведевым къигъэгугъащ: илъэситІ дэкІмэ, а бжьыгъэтІри зэхуэкІуэнущ, а Іуэхуми сом мелард 50-м нэблагъэ текІуэдэнущ. «Ди къэралым ар и къару дэхуэнущ икІи абы псэуныгъэ и лъэныкъуэкІэ мыхьэнэхуэ иІэнущ, - къыхигъэщхьэхуКІащ премьерым . - Дэ апхуэдэ къалэн ди пщэ дэтлъхьэжащ икІи ар зэрызэфІэдгъэкІынум шэч кьытевмыхьэ. Дэ дыхуейкъым щыхуэр тхузэфІэмыкІынухэмкІэ къэдгъэгугъэну».

КУЗЬМИН Владимир.
«Российская газета»

● Егъэджэныгъэ

Сыту пІэрэ япэ игъэщыпхъэр?

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**



КЪБР-м щIыхь зиIэ и артист КIэмыргуей Валентин.

И бынхэр и гъусэу.

● Дифl догъэлъапIэ

КIэмыргуей Валентин: Артистым и унэ нэхъыщхьэр - театрырщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат КIэмыргуей Валентин Щоджэнщ Iыкl Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и утыкум илъэс 42-рэ хъуауэ итщ. Зи артист талантыр драмэми комедиеми зэхуэдэу хуригъу Валентин роль 300-м щIигъ игъэзэщIащ а зэманым къриубыдэу. «Балъкъ шууей», «Белое проклятие», «Азиат», «Расстанемся пока хорошие», «По небу босиком» кинофильмхэм, нэгъуэщI куэдми гукъинэжу щыджэгуащ. Ауэ щыхъукIи, абы нобэми театрым гу щихуакъым. 1975 гъэм Щукиным и цIэр зезыхьэ училищэр къиуахыу лэжьэн щыщIидзагъащIэм хуэдэу и щIэщыгъуэу ар пщэдджыжь къэс театрым щIохьэ.

- ТЕАТРЫР си гъащIэщ, арыншэу сымыпсэу пэлъытэщ, - жеIэ КIэмыргуейм театрым и гъащIэм щиубыд мыхьэнэм щытепсэльихькIэ. - Артистым дежкIэ нэхъыщхьэр абы къыпэплъэ театреплъ, къыхэныкъуэ театр иIэнырщ. Куэд щыгъуазэщ артистхэм я улахуэр зэрымащIэ дыдэм, ауэ абы емылъытауэ, дэ лэжьыгъэм дытезыгъэгушхуэр цIыхухэм я Iэгуаеу инырщ, къытхуэгуфIэу удэ гъэгъа къызэрыдатырщ. Дэтхэнэ артист нэсым дежкIи и унэ нэхъыщхьэр - театрырщ.

- 1998 гъэм КъБР-м и Къэрал саугъэтыр къуатауэ щытащ. Сыт хуэдэ ролт ар къыщIыпхуагъэфэщащ? Къэпльытэ хъуну нэхъыфI дыдэу бгъэзэщIар арауэ?

- Iутlыж Борис и «Эдип» пьесэм Эдип и ролыр зэрыщыгъэзэщIам папщIэ а тыгъэ пльапIэр къызатат Хуабжьу къаруушхуэ тезгъэкIуэдат абы. Спектаклыр сыхьэтрэ ныкъуэкIэ екIуэкIырти, а зэманым сыт щыгъуи набдзэгубдзаплъэу, жьы дахуГъуэ симыIэу сыщытын хуейт. АпхуэдизкIэ абы къыщыхъуи сыхэтти, сыт щыгъуи щIэрыщIэу згъэввыжырт Эдип и щхьэ кърикIуа мыгъуагъэр. Дауэт къызэрыптемыхьэлъэнур, и адэр иукIыжьыу къэзылъхуа и анэр щхьэгъэусэу кьишэжьын хуейуэ тхьэхэм яухат?!

Тыншкъым си роль нэхъыфIу щытам и гугъу сщIыну. Ауэ срипагэрэ фIыуэ слъагъуу згъэзэщIахэм ящыщщ: Джэримэс (Акъсырэ З. - «Дахэнагъуэ»), Батыр («Мыщэ и къуэ Батыр»), Къэрабэ (Дударёв А. - «Сэлэтхэр»), Джимм (Нэш Р. - «Ушх зыщэ»), Хъыбарlуатэ (Дымбадзе Н. - «Кукарача»), Горбский Андрей, (япэу щагъэувам), Сильвестор (иужьу щагъэувам) (Толстой А. - «Бгъэмрэ бгъэ анэмрэ»). Роль цIыкIу щыIэкъым, ар къызэрызэкIуэцIыпх, цIыхум фIыуэ зэребгъэльагъущ псори зэлъытыжар.

- Нэхъ ипэкIэ театрым щагъэувыу щыта спектаклхэмрэ иджырейхэмрэ сыт хуэдэ зэщхьэщыкIыныгъэ яIэу къэплъытэрэ?

- Зэманым зихъуэжащ, абы игуэсэу цIыхухэм я гупсысэрэ нэгъуэщI хъуащ. Зыр згъэпуду адрейр сIэтыну сыхэтхъым, абы щыгъуэ щыIэхэри иджырейхэри зэманым докIу. Театрым и художественнэ унафэщI Фырэ Руслан пьесэфI куэд къиГъуэтыурэ егъэув. Театрым и пщэ къыдэхуэ къалэнырт сыт зэманри игъэзэщIащ, иджыри мыIейуэ абы полъэщI. Къэбэрдей драмэ театрыр къызэрызэIуахрэ илъэс 80 ирокъури, абы щыщу 42-м сэ абы сыщолажьэ. Театрым сыт щыгъуи пьесэ нэхъыфI къеплъыхьуэ икIи кьегъуэт. СощIэж, Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу, Розов Виктор и «Вечно живые» спектаклр щIыпIэ куэдым щагъэувауэ дэри дытегушхэри къэтщтати, къызэрымыкIуэу къыдэхъуляат.

- Актёр лэжьыгъэм сыт нэхъ гугъуу хэлъыр?

- Нэхъ гугъур къыщомыхъулIэращ. Актёрым сыт щыгъуи и ролым хуэкIуэн щытыкIэ къеплъыхьуэ. А къиплъыхьуэр щимыгъуэтым и дежщ гугъур. Апхуэдэ щытыкIэ сыщита куэдрэ къыхсхуихуащ. Дапхуэдэу сыщыми къызэмыхъулIэу, режиссёрым зэрыхуейм хуэдэу псалъэхэр къызжэдимышыфу. Актёрыр гугъуехым щымышынэу щытын хуейщ, итIанэщ екъулIэныгъэ щиIэнур.

- Актёр хъуну щIэхъуэпс ныбжьыщIэхэм сыт хуэдэ чэнджэщ ептынт?

- Актёр Iэщlагъэм урилэжьен папщIэ абы кьыпэкIуэ ахъшэм ущымыгугъуеу нэгъуэщI хэхъуэ гуэр уиIэн хуейщ, армыхъумэ, абы унагъэр ирибгъэпсэуфынукъым. ЕщIагъэ гуэр кьыхэпхын ипэ абы кьыпэкIуэнум е иIэну пщIэм егупсысыпхъэу зэрыщIащ: Джэримэс (Акъсырэ З. - «Дахэнагъуэ»), Батыр («Мыщэ и къуэ Батыр»), Къэрабэ (Дударёв А. - «Сэлэтхэр»), Джимм (Нэш Р. - «Ушх зыщэ»), Хъыбарlуатэ (Дымбадзе Н. - «Кукарача»), Горбский Андрей, (япэу щагъэувам), Сильвестор (иужьу щагъэувам) (Толстой А. - «Бгъэмрэ бгъэ анэмрэ»). Роль цIыкIу щыIэкъым, ар къызэрызэкIуэцIыпх, цIыхум фIыуэ зэребгъэльагъущ псори зэлъытыжар.

- Нэхъ ипэкIэ театрым щагъэувыу щыта спектаклхэмрэ иджырейхэмрэ сыт хуэдэ зэщхьэщыкIыныгъэ яIэу къэплъытэрэ?

- Зэманым зихъуэжащ, абы игуэсэу цIыхухэм я гупсысэрэ нэгъуэщI хъуащ. Зыр згъэпуду адрейр сIэтыну сыхэтхъым, абы щыгъуэ щыIэхэри иджырейхэри зэманым докIу. Театрым и художественнэ унафэщI Фырэ Руслан пьесэфI куэд къиГъуэтыурэ егъэув. Театрым и пщэ къыдэхуэ къалэнырт сыт зэманри игъэзэщIащ, иджыри мыIейуэ абы полъэщI. Къэбэрдей драмэ театрыр къызэрызэIуахрэ илъэс 80 ирокъури, абы щыщу 42-м сэ абы сыщолажьэ. Театрым сыт щыгъуи пьесэ нэхъыфI къеплъыхьуэ икIи кьегъуэт. СощIэж, Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу, Розов Виктор и «Вечно живые» спектаклр щIыпIэ куэдым щагъэувауэ дэри дытегушхэри къэтщтати, къызэрымыкIуэу къыдэхъуляат.

- Актёр лэжьыгъэм сыт нэхъ гугъуу хэлъыр?

- Нэхъ гугъур къыщомыхъулIэращ. Актёрым сыт щыгъуи и ролым хуэкIуэн щытыкIэ къеплъыхьуэ. А къиплъыхьуэр щимыгъуэтым и дежщ гугъур. Апхуэдэ щытыкIэ сыщита куэдрэ къыхсхуихуащ. Дапхуэдэу сыщыми къызэмыхъулIэу, режиссёрым зэрыхуейм хуэдэу псалъэхэр къызжэдимышыфу. Актёрыр гугъуехым щымышынэу щытын хуейщ, итIанэщ екъулIэныгъэ щиIэнур.

- Актёр хъуну щIэхъуэпс ныбжьыщIэхэм сыт хуэдэ чэнджэщ ептынт?

- Актёр Iэщlагъэм урилэжьен папщIэ абы кьыпэкIуэ ахъшэм ущымыгугъуеу нэгъуэщI хэхъуэ гуэр уиIэн хуейщ, армыхъумэ, абы унагъэр ирибгъэпсэуфынукъым. ЕщIагъэ гуэр кьыхэпхын ипэ абы кьыпэкIуэнум е иIэну пщIэм егупсысыпхъэу зэрыщIащ. Абы и фIыгъэкIэ цIыху 22-рэ пщIантIэм кIуащ, Iутlуэм зэщIищта екьиплъэм ерагъуу пхрыкIри. Зэрыхьэзэрий къэхуаекъымли, хъарзынэщ. Арщхьэкlэ, а подъездым щыпсэу псори я фэтэрхэм кьыщIэкIыну хунэсатэкъым. Арати, лIыгъэ щIапIэ ихуащ мы унэм щыпсэу Умар Валерэрэ Сэрахъэ Муратрэ.

Валерэ мафIэм ис фэтэрым щIыхьэри сабий цIыкIур, К. и къуэрылъхур, кьыщIихащ. КъыкIэлъыкIуэу сабиитI кьыщIишащ етIуа-нэ къатым тет фэтэрым. Валерэ аргуэру подъездым игъэзэжьын хуей хуащ, ипэ къатым тет фэтэрхэм я зым кьыщIэна сабийр кьригъэлын папщIэ. Умар Валерэ шынэ имыщIэу зэрихьа хахуагъэм и мызакъуэу, къыхэгъэщын хуейщ Iугъуэ Iувымрэ температурэ гъабгэмрэ уалэлъэщын папщIэ пщIэн хуейм щыгъуазэу къызэрыщIэкIар.

Умарым сабийхэр фэтэрхэм кьыщIишуэу, Сэрахъэ Муратрэ абы и щхьэгъусэ Зитэрэ я сабиищыр къызэрыгаГъэлыным яужь итащ. Ахэр унэм кьыщIэкIрыфыртэкъым: фэтэрхэм кьыщIих Iугъуэмрэ мафIэмрэ щIэкIыпIэр зэхуащIат. Сэрахъэ зэщхьэгъусэхэм я бжэхэмрэ щхьэгъубжэхэмрэ жьы дахуIэ имыIэу ягъэбыдащ, езыхэр напэIэлъэщI псыф я нэкIум Iулъу бэуащ мафIэсгъэнкIыфIэхэр къэсыху. Ауэ абы ипэкIи нэгъуэщI Iуэхушхуи яхузэфIэкIащ. ЕплIанэ я къатым щыпсэу Муратрэ Зитэрэ гу лъатащ я гъунэгъу фэтэрым кьыщIэна А. езыр-езыру кьызэрыщIэмыкIырфыну, ехьIпIэм укъыхуэзышэ пэшыр Iугъуэм зэщIищтати. А фэтэритIым я балконхэр зэпызыхуIыкIыр Зитэ икъуэтэри, я гъунэгъу цIыхубзыр я балконым къралъэфащ щхьэгъусэхэр зэдэIэпыкъуэрэ. Ар абыхэм зэрахузэфIэкIар езыхэми нобэми къагурыIуэжырхьэм.

Гъунэгъу подъездым фэтэрэ къыщтауэ щIэс 3. щIадджыжь хьэуамкIэ бэуэну балконым щихьэм пщIантIэм щекIуэкIым гу лъитэри, мафIэсгъэункIыфIхэр кьриджащ. Тэрч щыIэ мафIэскъегъалакIуэ часть №11-м мафIэс къызэрыхъуам теухуа хъыбарыр щыIэрыхьар сихьэти 7-рэ дакъикъэ 50-рщ. Пльыр къэрогъулъм и гупитIыр дакъикъищым кьриубыдэу кьэсащ икIи цIыхухэр кърагъэлын, мафIэр яГъункIыфIым щIадзащ.

Умар Валерэрэ Сэрахъэ Муратрэ тэмэму, инструкцэм тету Iуэхур зэфIахащ: мафIэсым теухуауэ хъыбар ирагъэщIащ подъездым щыпсэухэм, кьыщыщIагъэIэнхъуькIым сабийхэм Iугъуэр жьэдамышэн папщIэ папэIэлъэщI псыфхэр къаГъэсэбэпащ, унэм кьыщIэнахэм я бжэхэмрэ щхьэгъубжэхэмрэ я жьы дахуIэхэр яГъэбыдащ. Кьыхэдгъэщынщи, а псоми ахэр хуагъэсащ КъБР-м и ГПС-м Тэрч районымкIэ мафIэс къэмыГъэхъунымрэ абы узэрыпэщIэтыну щыкIэмрэ хуезыгъаджэ гупым и унафэщI ПIымыжь Юлиерэ инструктор Тхьагъэзит Алексрэ. Кьыхэдгъэщынщи, К. и унагъэр щыIакъым а унэм щIэсхэм дерсхэр щыдгъэзыГъэкIам...

Валерэрэ Муратрэ зыщ ямыщIар - абыхэм мафIэсгъэункIыфIхэр кьраджакъым, цIыхухэр кьыщIашыным занщIэу яужь итхьэри. Ялэ ирагъэща хъунщ цIыхухэр къегъэльыр, мафIэсгъэункIыфIхэр нэгъуэщIхэм кьраджэным щыгугъуэу. Ар тэмэмкъым, мафIэсгъэункIыфIхэр кьебджэнращ псом ялэр.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

● МафIэс

Я гъунэгъухэр кърагъэл

КъБР-м МафIэсым пэщIэтыныжьмкIэ и къэрал къулыкъум и пресс-Iуэхущ Iапи эм и лэжьакIуэ Сэбан Арсен щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, мэкъуауэгъуэм и 11-м и пщэдджыжьым сыхьэти 7-м Тэрч къалэм и Бесльэней уэрамым къатитхуу зэтет унэм мафIэс къыщыхъуащ. Ещанэ къатым тет фэтэрыр мафIэм зэщIищтат.

ЗыГъэпсэхуГъуэ тхьэмахуэ пщэдджыжьым унэм щыпсэухэм я нэхъыбэр жейуэ къыщIэкIынути, мафIэм гу щыльытар гуваэщ. Фэтэрыр зей К. цIыхубзым-рэ абы и къуэмрэ мафIэр езым я къарукIэ яГъэункIыфIыну я гугъащ.

Ар куэдрэ кьэхъу щыуагъэщ: абыхэм псынщIэу мафIэсгъэункIыфIхэр кьраджакъым, я къарукIэ пэлъэщын я гугъэу. Арщхьэкlэ, анэмрэ и къуэмрэ абы пэлъэщакъым икIи зэман кIэщIым мафIэм зыщиубГъащ я фэтэрым, ещанэ, еплIанэ я къатым тес я гъунэгъухэм я дежкIи зидзащ.

МафIэм гу лъитэри, Умар Валерэ псынщIэу фэтэрхэр кьызэхихьухэрэ унэм щыпсэухэм хъыбар ирагъэщащ. Абы и фIыгъэкIэ цIыху 22-рэ пщIантIэм кIуащ, Iугъуэм зэщIищта екьиплъэм ерагъуу пхрыкIри. Зэрыхьэзэрий къэхуаекъымли, хъарзынэщ. Арщхьэкlэ, а подъездым щыпсэу псори я фэтэрхэм кьыщIэкIыну хунэсатэкъым. Арати, лIыгъэ щIапIэ ихуащ мы унэм щыпсэу Умар Валерэрэ Сэрахъэ Муратрэ.

Валерэ мафIэм ис фэтэрым щIыхьэри сабий цIыкIур, К. и къуэрылъхур, кьыщIихащ. КъыкIэлъыкIуэу сабиитI кьыщIишащ етIуа-нэ къатым тет фэтэрым. Валерэ аргуэру подъездым игъэзэжьын хуей хуащ, ипэ къатым тет фэтэрхэм я зым кьыщIэна сабийр кьригъэлын папщIэ. Умар Валерэ шынэ имыщIэу зэрихьа хахуагъэм и мызакъуэу, къыхэгъэщын хуейщ Iугъуэ Iувымрэ температурэ гъабгэмрэ уалэлъэщын папщIэ пщIэн хуейм щыгъуазэу къызэрыщIэкIар.

Умарым сабийхэр фэтэрхэм кьыщIишуэу, Сэрахъэ Муратрэ абы и щхьэгъусэ Зитэрэ я сабиищыр къызэрыгаГъэлыным яужь итащ. Ахэр унэм кьыщIэкIрыфыртэкъым: фэтэрхэм кьыщIих Iугъуэмрэ мафIэмрэ щIэкIыпIэр зэхуащIат. Сэрахъэ зэщхьэгъусэхэм я бжэхэмрэ щхьэгъубжэхэмрэ жьы дахуIэ имыIэу ягъэбыдащ, езыхэр напэIэлъэщI псыф я нэкIум Iулъу бэуащ мафIэсгъэункIыфIхэр къэсыху. Ауэ абы ипэкIи нэгъуэщI Iуэхушхуи яхузэфIэкIащ. ЕплIанэ я къатым щыпсэу Муратрэ Зитэрэ гу лъатащ я гъунэгъу фэтэрым кьыщIэна А. езыр-езыру кьызэрыщIэмыкIырфыну, ехьIпIэм укъыхуэзышэ пэшыр Iугъуэм зэщIищтати. А фэтэритIым я балконхэр зэпызыхуIыкIыр Зитэ икъуэтэри, я гъунэгъу цIыхубзыр я балконым къралъэфащ щхьэгъусэхэр зэдэIэпыкъуэрэ. Ар абыхэм зэрахузэфIэкIар езыхэми нобэми къагурыIуэжырхьэм.

Гъунэгъу подъездым фэтэрэ къыщтауэ щIэс 3. щIадджыжь хьэуамкIэ бэуэну балконым щихьэм пщIантIэм щекIуэкIым гу лъитэри, мафIэсгъэункIыфIхэр кьриджащ. Тэрч щыIэ мафIэскъегъалакIуэ часть №11-м мафIэс къызэрыхъуам теухуа хъыбарыр щыIэрыхьар сихьэти 7-рэ дакъикъэ 50-рщ. Пльыр къэрогъулъм и гупитIыр дакъикъищым кьриубыдэу кьэсащ икIи цIыхухэр кърагъэлын, мафIэр яГъункIыфIым щIадзащ.

Умар Валерэрэ Сэрахъэ Муратрэ тэмэму, инструкцэм тету Iуэхур зэфIахащ: мафIэсым теухуауэ хъыбар ирагъэщащ подъездым щыпсэухэм, кьыщыщIагъэIэнхъуькIым сабийхэм Iугъуэр жьэдамышэн папщIэ папэIэлъэщI псыфхэр къаГъэсэбэпащ, унэм кьыщIэнахэм я бжэхэмрэ щхьэгъубжэхэмрэ я жьы дахуIэхэр яГъэбыдащ. Кьыхэдгъэщынщи, а псоми ахэр хуагъэсащ КъБР-м и ГПС-м Тэрч районымкIэ мафIэс къэмыГъэхъунымрэ абы узэрыпэщIэтыну щыкIэмрэ хуезыгъаджэ гупым и унафэщI ПIымыжь Юлиерэ инструктор Тхьагъэзит Алексрэ. Кьыхэдгъэщынщи, К. и унагъэр щыIакъым а унэм щIэсхэм дерсхэр щыдгъэзыГъэкIам...

Валерэрэ Муратрэ зыщ ямыщIар - абыхэм мафIэсгъэункIыфIхэр кьраджакъым, цIыхухэр кьыщIашыным занщIэу яужь итхьэри. Ялэ ирагъэща хъунщ цIыхухэр къегъэльыр, мафIэсгъэункIыфIхэр нэгъуэщIхэм кьраджэным щыгугъуэу. Ар тэмэмкъым, мафIэсгъэункIыфIхэр кьебджэнращ псом ялэр.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

● Щэнхабзэ

Макъамэм и дунейм

Налшык и музыкальнэ школ №1-м щекIуэкIащ мы гъэм а еджапIэр къэзыуха ШкIэжь Бесльэн и концерт.

КЛАССИЧЕСКЭ гитарэм Iэзэу еуэ, илъэс 16 зи ныбжь щIалэм зыкъыщигъэльэгъуат Иванов-Крамсконм и цIэр зезыхьэ сабий музыкальнэ школу Москва дэтым классическэ гитарэм еуэныжьмкIэ щекIуэкIа урысейпсо зэпеуэм. Апхуэдэ нэгъуэщI куэдми я лауреатщ мы щIалэр.

Музыкант ныбжьыщIэм и егъэджакIуэ Юрковская Маринэ зэрыжиIэмкIэ, Бесльэн музыкальнэ школым кьыщыщIэтIысхьар илъэситі илъэсIэщ. Ар занщIэу хагъэтIысхьащ 3-нэ курсым щедджэжам. Iэзагъ ин зыбгъэдэлъ щIалэ цIыкIум 4-нэ, 5-нэ курсхэри зы илъэсым зэдихьащ икIи еджапIэр фIым я фIыжьу кьиухащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Футбол

ЗэщхьэщыкIыныгъэхэр нэхъ иныж мэхъу

КъБР-м футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ щызэхэта зи чэзу джэгуГъуэхэм нэхъ иныж ящIащ командхэм я зэщхьэщыкIыныгъэр.

ЗэхъОЗЭХУЭМ зэрыщIидзэрэ, псори жьыжьэу къызэринэкIаеу, бжьыпэр иутIыпщыркъым Бахъсэн и «Автозапчасть»-м. Мис арГъэуи ар бжьыгъэщхьэкIэ ефIэкIащ, мы гъэм гуп нэхъыщхьэм хьыхьагъащIэми, хъарзынэу зыкъэзыгъэльагъуэ «Псыкуэдым».

Пашэм нэхъ кIэлъеIэр «Тэрчращ». «Автозапчасть»-мрэ абыхэр я зэхуакум иджыпсту очкоибл дэлъщ икIи, хэт ищIэн, чемпионатым и дыщэ медалхэм папщIэ иджыри зэныкъэкъунигъэ гуэрхэр щыIэнкIэ хъунщ.

Адэжь ешIэнэ увыпIэм щIэбэнхэр нэхъ зэрыльагъуу, гупищу, къоКIуэ. «Союзми», Бедикми», «Псыгуэнсуми» иужьрей зэIущIэхэм джэгуакIэ хьэлэмэт кьагъэльагъуэ икIи я хьэрхуэрэгъуэхэр хагъэзэщIа зэпытщ.

Зи цIэ хьэтIуа команд-хэм мы гъэм хъарзынэу зыкъагъэльагъуэ икIи яIыгъ увыпIэ лъагэхэр яутIыпщыну фIэщыщIагъуейщ. Абыхэм кьакIэлъыкIуэ командитхум медалхэри кьапэплъеркъым гуп нэхъыщхьэм хагъэкIыну зэкIэ шынагъуэ яIэкъым.

Ардыдэр пхужьIэнукъым кьыкIэрыхуэхэм ятеухуауэ. Зэхьэзэхуэм зэрыщIидзэрэ абыхэм гугъуехыльшхуэ пылъущ дэтхэнэ зы очкори зэрызыIэрагъэхьэр. Уеблэмэ «ГорИс-179 Прохладнэмрэ» «Жулдузымрэ» иджыри кьэс зы текIуэныгьи кьахьыфIакъым. «Бахъсэнымрэ» и Iэхухэри зэкIэ щIагъуэ дыдэкъым.

Иужьу зэхэта зэIущIэхэм (Бабугент) **-1:1**, **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **«Псыкуэд»** (Псыкуэд) - **7:1**, **«Союз»** (Сэрмакъ) - **«Родник»** (Псынэдахэ) - **8:3**, **«Бедик»** (Аргудан) - **«ХьэтIохъуащ ыкъуей»** (ХьэтIохъуащ-ыкъуей) - **3:2**, **«Къундетей»** (Шэджэм) - **«Жулдуз»** (Хьэсэней) - **4:3**.

ДызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтыну къыкIэлъыкIуэ джэгуГъуэм щызэIущIэнщ «Союз» - «Автозапчасть», «ГорИс-179 Прохладнэ» - «Псыгуэнсу», «ЛогоВАЗ» - «Нарт», «Псыкуэд» - «Керт», «Къундетей» - «ХьэтIохъущыкъуей», «Родник» - «Велес-СДЮСШОР», «Бахъсэн» - «Бедик», «Жулдуз» - «Тэрч» командхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	«Автозапчасть»	14	13	1	0	81-7	40
2.	«Тэрч»	14	11	0	3	36-10	33
3.	«Союз»	14	9	2	3	54-29	29
4.	«Бедик»	14	9	2	3	30-15	29
5.	«Псыгуэнсу»	13	7	3	3	32-20	24
6.	«Псыкуэд»	14	6	5	3	31-28	23
7.	«Керт»	14	6	4	4	35-25	22
8.	«Нарт»	14	6	3	5	31-22	21
9.	«ЛогоВАЗ»	14	6	2	6	27-24	20
10.	«Велес-СДЮСШОР»	14	5	3	6	25-28	18
11.	«Къундетей»	14	4	2	8	23-39	14
12.	«Родник»	14	3	4	7	24-44	13
13.	«ХьэтIохъущыкъуей»	14	3	2	9	18-39	11
14.	«Бахъсэн»	14	2	1	11	18-57	7
15.	«Жулдуз»	13	0	4	9	16-49	4
16.	«ГорИс-179»	14	0	4	10	13-58	4

ГъащIэ узыншэм хуауащий

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Налшык къалэ дэт курыт еджапIэ №18-м щылажьэ гъэмахуэ лагерым полицейхэр ныбжьыщIэхэм щепсэльащ я узынщагъэр зэрахъумэным, дунейм дахэу зэрытетыным теухуауэ,- къет КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущ Iапи эм.

МВД-М Наркотикхэм кIэлъыплъыныжьмкIэ и управленэмрэ Урысей МВД-м Налшык къалэмкIэ и управленэм балигъ мыхъуахэм я Iуэхухэмкlэ и Iэнатlэмрэ я пэжьакIуэхэм еджакIуэхэм жраIащ хьэныншагъэм фIым уэзрыхуимышынэр, бзаджащIэхэм зыщахъумэн, набдзэгубдзаплъэу щытын зэрыхуейр.

- Ди къалэн нэхъыщхьэр фэ гъэпщIакIуэхэм фащытхъумэнырщ, щIэпхъаджагъэм фIыщIахашэ къэдмыгъэхъунырщ, ауэ фэри фIызыхуэсакъым хуейщ, псом хуэмыдэу фи закъуэу кьыщифIкIухькIэ, - жиIащ Налшык къалэмкIэ УМВД-м балигъ мыхъуахэм я Iуэхухэмкlэ и инспектор нэхъыжь Аброкъуэ Аллэ.

Полицэм и лэжьакIуэхэм шокIакIуэхэм жраIащ хабзэр къызэпаудмэ, щIэпхъаджагъэ ялэжьмэ жауап зэрахьыр, абы уголовнэри хьихьэу. КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэм кIэлъыплъыныжьмкIэ и управленэм и упраВленэм и оперуполномоченнэ нэхъыжь Давыдовэ Иринэ ныбжьыщIэхэр кьыхуриджащ Гъуэздджэм, щIэныгъэм, спортым щыхурагъаджэ, щыхуагъасэ гупжьей нэхъ жьыджэру екIуэлIэну.

БАХЪСЭН Ланэ.

● Iэдэм Арам хегъащIэ

● Дзюдо

Зи ныбжьыр илъэс 21-м фIэмыкIаехэм Урысей Федерацэм дзюдомкIэ я чемпионатым и кIэуэ зэпеуэм хэтыну ехьыщыхах зэхьэзэхуэ Армавир къалэм иджыблагъэ щекIуэкIащ. Абы текIуэныгъэр къыщихьащ Щоджэн Iэдэм.

КИЛОГРАММ 73-м нэс зи хьэпъагъэм я зэпеуэм ди лъахэгъуэм кьыщIэплъэщын кьахэкIакъым. Абы щыгъуэми, КъБР-м Дзюдомкlэ и федерацэм и тхьэмадэ ЕмкъуЖ Мухьэмэд щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, Щоджэным и хьэрхуэрэгъу псоми хуха-ха зэманыр имыух щIыкIэ ятекIуащ. КIэух зэIущIэм «иппон»-кIэ адыгэ щIалэщIэм щыхигъэщIащ армавирдзэ Овсоян Арам. Зэхьэзэхуэм еплъыну кърихьэлIэхэр, дауи, я хэгъэрей щIалэм ерыщу дзэщIыр, арыщхьэкIэ Iэдэм ахэр игъэщIэхьащ.

Армавир къыщихьа ехьулIэныгъэм Щоджэным Iэмал и щIэкIуэгъуэ маззэм ар Иркутск къалэм щыIэнщ.

ТЕМЫР Дисанэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэз.**



Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щIихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмрэ Iуэхущ Iапи эхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; эдэмкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкIэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; суРэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъэхэм я пэжагъыныгъэ аэр зытхахэм ящхьэ ихьа. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ щIэ дэлъ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъуэмэныжьмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ Iапи эм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щыгъразэщ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дышэкl Соня**, *редактору* **Жылаесэ Заурбэч**, *корректорхэу* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *суРэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тридзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытридзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.723 ● Заказ №817